## Т. Шевченко




# Таңламалы шығармалары

# Т. Шевченко



Дарю эту книгу стихов Т.Г. Шевченко на каракалпакском языке в Музей вольского Т.Г. Шевченко. Здесь опубликованы мои переводы стихов „Кос-Арал".

Переводчик Т. [illegible]

20/IX 1985 г.
г. Нукус

# ТАҢЛАМАЛЫ ШЫҒАРМАЛАРЫ

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
Нөкис—1965

## СӨЗ БАСЫ

Тарас Григорьевич Шевченко (9-март, 1814—10-март, 1861)—уллы украин халық шайыры, художник, революционер-демократ, патша ҳүкимети ҳәм крепостнойлық дүзимге қарсы гүресши. Шевченконың творчествосында революцияшыл украин дийханларының гүреси ҳәм XIX-әсирдиң ортасындағы Россияда феодаллық-крепостнойлық дүзимниң кризиске ушыраған дәўириндеги—пүткил украин халқының турмыс жағдайы сүўретленген. Езиўшилерге қарсы терең жеркениш сезими менен толған өз шығармалары менен ол украин халқының миллий ҳәм социаллық санасының раўажланыўында үлкен роль ойнады.

Тарас Григорьевич Шевченко Киев губерниясының Звенигород уездиндеги Моринцы селосында крепостной дийхан семьясында туўылған. Оның балалық жыллары Кирилловқа деген қоңсы селода өтеди. Ол ертеден-ақ анасынан, изин ала әкесинен айрылып жаслайынан көплеген қайғы-ҳәсиретлер менен жоқшылықларды басынан кеширеди. Қыз апасы күйеўге шығып кеткеннен кейин, өгей анасы өзин жек көретуғын, айтқанын етпейтуғын Тарастан кутылғысы келеди. Сөйтип оны шопанлыққа береди. Ол узақ күнлер далада жүрип

алысларға көз жибереди, кишкене топыр қәлем менен жыртық қағазларға бийик қорғанлардың сүўретин салады. Онда ертеде-ақ сүўрет салыўға қызығыўшылық оянады.

Ел гезип жүрген қосықшы, сазенделерди сүйсинип тыңлайды.

Тарас он бес жасына толғанда помещик Энгельгардтың ис баскарыўшысы оны үй хызметкерлери қатарына қосады. Ол енди помещик Энгельгард Киевке, Вильноға, Петербургке сапарға шыкқанда изине ертетуғын хызметкерлери менен бирге жүретуғын болады.

1832-жылы Энгельгард Тарастың сүўрет салыўға ықласын көрип, оны „үй сүўретшиси" етип шығарғысы келеди. Сөйтип Тарасты Петербургтеги „сүўретшилик исиниң шебери" Ширяевқа шәкирт етип береди.

Қатал минезли Ширяевтың қолында төрт жыл даўамында азап шексе де, сүўретшилик исте түсиниги кеңейеди, билими артады.

Жумыс күни питкеннен кейин көпшилик ўақта ол бутлар (статуя) қойылған Жазғы бағқа кететуғын еди. Петербургтың ақ түнлеринде олардың сүўретин көширетуғын еди.

Усы Жазғы бағда өз аўылласы портретши-художник Иван Максимович Сошенко менен гезлеседи. Ол Тарастың талантына жақсы баҳа береди. Крепостной жигиттиң тәғдийрине қызғын араласады, тез арада оны сүўретшилик исиниң әжайып шебери, художестволық Академияның профессоры К. П. Брюллов, атақлы шайыр В. А. Жуковский, украин жазыўшысы Е. П. Гребенка ҳәм художестволық Академияның конференц-секретары В. Григоровичлер менен таныстырады.

Таза таныслары оны художестволық Академияға алмақшы болады. Бирақ оның есиги крепостнойлар ушын жабық еди. Ол ушын Шевченконы помещиктен

сатып алыў керек болды. Энгельгард оны жүдә үлкен баҳаға—2500 манатқа кести.

Бул ақша айрықша бир усыл менен табылды. Брюллов Жуковскийдиң портретин салып, лотереяға ойнайды. Солай етип 1838 жылы 22-апрельде Жуковскийдиң портрети толық сатылып болынып, Энгельгард Шевченконың азат етилиўине қол қояды.

Усы қысқа „азатлық“ жыллары ишинде (1838-жылдан 1847 жылға шекем) Шевченко XVIII әсирде ҳәм XIX әсирдиң биринши шерегинде жасаған Сумароков пенен Державиннен баслап Карамзин Батюшков, Крылов, Жуковский, Кольцов ҳәм басқада рус жазыўшылары тәрепинен дөретилген ең жақсы шығармалар менен танысып үлгереди.

Ширяевтың мастерскойында жүргенде-ақ Пушкинди қуныға оқыйды, оны шын жүрегинен сүйеди. Пушкинди де Брюллов сыяқлы „пирли искусствоның“ айқын көриниси ретинде жоқары баҳалайды. Пушкин менен бир қатарда Гогольгеде айрықша ҳүрмет пенен қарайды. Оны 40—50 жыллардағы рус реалистлериниң муғаллими деп биледи.

Рус мәдәнияты оған батыс европа әдебиятына жол ашып береди. Брюллов пенен қатнасыўы, 40-жыллардағы прогрессив журналларды, Белинскийдиң критикалық мақалаларын оқыўы оның ҳақыйқат көзин ашады, сөйтип ол реалистлик ҳәм халықлық бағдарға беккем түсип алады.

Тарас Шевченконың дәслепки қосықларынан ақ оның поэзияға көз қарасы, халық жыршысы болатуғыны айқын көринеди. Ол кобзарьдың туўысқан халқының ойы ҳәм сезими менен тығыз байланыслы екенин көрсетип берди. Кобзарь украинаның аўыр турмысын қайғырыўшы болып ғана қалмастан, ал, халық бахыты ушын гүресшилердиң күшине беккем исениў-

ши образында да көринеди. Бул образ Шевченко поэзиясының бастан ахырына шекем бирге жасайды.

1847-жылдың мартында Шевченко украинада ағзасы болып, тығыз қатнасып жүрген жасырын жәмийеттиң ҳәрекети сезилип қалады, баслы қатнасыўшылары тутқынға алынады, Шевченко Днепр жағысынан өтейин деп атырғанда қолға түседи. Оның өзи менен бирге қәўипли жүги: қосықлары ҳәм „Түс" атлы поэмасы болады.

Кирилл-Мефодий жәмийетиниң иси бойынша тергеў бериў ушын Шевченко Петербургтеги III бөлимге әкелинеди ҳәм сүргинге жибериўге ҳүким етилип, Оренбургтағы линейный батальонға жай солдат етип белгиленеди.

Николай 1 ҳүкимге өз қолы менен: „Қатты қадағалаў астында болсын, жазыў ҳәм сүўрет салыў қадаған етилсин"—деп қосып жазады.

1847-жылдың 9-июнында корпус начальниги генерал Обручевтың буйрығы бойынша жай солдат Тарас Шевченконы бесинши батальонға қосыў ушын Орскде жайласқан 23-дивизияның начальнигине жибериледи.

Дизимдеги бой (ранжир) № 191 жай солдаттың кеўилсиз турмысында жолдасы, жубанышы оның творчествосы болады.

1848-жылдың басында бас штабтың бир топар офицерлери А. И. Бутаковтың басшылығында Арал теңизин изертлеўге илимий экспедицияға шығатуғын болады. Экспедицияның ўазыйпасына Арал теңизиниң айрықшалықларын, оның жағасындағы өсимликлер менен ҳайўанларды изертлеў, метеорологиялық ҳәм астрономиялық бақылаўлар киреди.

Шаққан әбжил адам Бутаков, өз экспедициясын пуқта таярлайды. Ол әсиресе тапсырылған жумысты атқаратуғын адамларды таңлап алыўға көбирек кеўил

бөледи. Сонлықтан Арал теңизиниң көринислериниң сүўретин алыўды тапсырыўға болар деп, оның художник Тарас Шевченкоға қызығыўы әжеп емес еди.

Тарас Шевченко экспедицияның составына зор қуўаныш пенен кирди. Ол енди қатал фельдфебельлерден, қапырық, түнерген гезерменлерден қутылатуғын болды. Экспедиция қатнасыўшыларының алдында турған қыйыншылықлар оны қорқытады.

Экспедиция Қара Қум саҳрасы арқалы Оренбургтен Раим қорғанына шекемги аралықты жүрип өтиўден басланады. Арал теңизинде минип жүриўге арналған „Константин" шхунасы (кемеси) бөлеклерге аж ратылып, арбаға тийелип алып жүрилди. Бул аралықты жүрип өтиў бир айдан артығыраққа созылды Шыдап болмаслық дәрежедеги күнниң ысыўы, қумды куйретеди. Художниктиң өткир көзлери жол бойы ушырасқан түрли көринислерди елеўсиз жибермейди Шевченко ырғалған түйелердиң, кең далада қуўарған өсимликлердиң, жорыққа катнасқан қырғызлардың, урал казакларының харектерли бет-әлпетлериниң сүўретлерин салып барды.

Бир ай даўамында „Константин" шхунасы қурастырылып, теңизге түсириўге таяр етилди. 25-июльда экспедиция теңизге шықты.

Күтилмеген ҳәр түрли қәўип астында еки ай катты жумыс ислегеннен кейин, сентябрьдиң аяғында шхуна Сыр-дәрьяның қуяр жериндеги Қос—Арал фортына келип якорь таслады. Бул жерге экспедиция қыслаўға тоқтаған еди.

Қос—Аралда Шевченко жүдә көп жазады. Қос—Арал цикли өзинше бир поэтикалық толғаўдан ибарат болып, онда усы „қулып урылмаған тюрьмадағы" турмыс сүўретленеди, сол жердеги сараң тәбият көз алдында елеслейди.

1849-жылдың 6-ноябринде Шевченко Орунбургке қайтады. Лейтенант Бутаковтың өтиниши бойынша салған сүўретлерин тәртиплестириў ушын оған усы қалада турып қалыўға рухсат етиледи. Бирақ көп өтпей ақ узақ ўақытқа созылған (1850-жылға шекем) аўыр гарнизон хызметин атқарыўға мәжбүр болады.

Тек 1857-жылы шайыр сүргиннен азат етиледи. 1858-жылдың 25-мартында ғана Петербургке қайтыўға мүмкиншилик алады. Бунда келип художестволық Академияда ислей баслайды.

Шевченко Петербургке келген дәслепки күнлеринен баслап ақ өз пикирлеслери менен байланыс жасаўға тырысты. Сигизмунд Сераковский, шайыр Желиговский (Антоний Сова) ҳәм Я. Станевичлер менен ушырасты. Көз карасларының жақынлығы оны 50-жыллардың ақырында өз дәўиринин алдыңғы идеясының трибунасына айналған „Современник" журналының әтирапына жәмленген Чернышевский ҳәм басқа да революционер демократлар менен дослестырды. „Современник" Некрасовтың ең жақсы косықларын, Добролюбов ҳәм Чернышевскийлердиң барлық мақалаларын дерлик басып турды.

Шевченконың ақырғы жылларындағы қосықлары да келешекке қаратылған болып, оларда езилген, туткында зарлаған адамлардың азатлық ҳаққындағы ойлары иске асатуғын ўақытты тезлетиў зәрүрлиги жөниндеги пикир айтылады. Петербургке келгеннен кейинги дәслепки қосығы—„Түс". Бунда қуллықта езилген бийшара дийхан ҳаялы тек түсинде ғана өзиниң кишкене улын бахытлы аўҳалда көреди. Өз Ўатаны—Украина жөнинде ойланып Шевченко бахыт ҳәм азатлық жөниндеги түстиң оңға айналыўын әрман етеди.

1859-жылы ахырғы ирет өз ўатанында болып қайтады.

1860-жылы сүўретшилик тараўындағы көплеген жетискенликлери ушын академик атағын алады. Сол жылдың өзинде „Кобзарь“ды—таза қосықлар топламын басып шығарыўға рухсат алады. Әлбетте, „Түс“, „Кавказ“. „Динсиз“, „Ўәсият“ сияқлы қосықларының бул топламға кириўи мүмкин емес еди.

Езилген халықтың муңын жырлаған сөз шеберининң аңсаған әрманлары Уллы Октябрь Революциясынан кейин ғана иске асты. Шайырдың өзи де Совет заманында қайта жасады. Онық шығармалары көп миллетли әдебиятымыздын алтын ғәзийнесине айналды.

Уллы шайыр Т. Г. Шевченконың өлмес шығармалары дүнья жүзиндеги көпшилик халықлардың тиллерине аўдарылды.

Шевченконың дүнья жүзилик әҳмийети оғада үлкен. Сүйикли шайырды дүньядағы ҳәмме халық ҳүрмет пенен тилге алады. Онық шығармаларын сүйип оқыйды.

Шевченконың шығармалары қарақалпақ китап оқыўшыларына көптен таныс. Уллы шайырдың қосықлары Ўатандарлық урыстан бурынғы жыллардан бери топламларда, журнал ҳәм газета бетлеринде қарақалпақ тилинде шығып киятыр.

Украин халқының уллы шайыры Тарас Шевченконың 150 жыллық юбилейине арнап шығарылып атырған бул топлам, шайырдың қарақалпақ тилинде шыққан ең көлемли мийнети. Буған елиўден аслам қосықлары менен поэмалары киргизилди, яғный үш мың қатардан аслам қосық.

Әсиресе Кос—Арал циклине киретуғын қосықлары (отыздан аслам) толығырақ берилди. Қарақалпақ тилинде бурынғы жыллары шыққан қосықларының көбиси оригиналы менен салыстырылып, қайта көрилип жиберилди.

Буннан тысқары Тарас Шевченконың қарақалпақ жерине тиккелей жақын келип, жергиликли халықтың турмысы менен танысқан дәўирин сүўретлейтуғын оригинал мийнет—Оразақ Бекбауловтың „Тарас Аралда“ атлы повести юбилейге арналып басып шығарылды.

Бул еки китап уллы шайырдың даңқлы юбилейине қарақалпақ халкының минасып саўғасы болады.

*Мәден Матназаров*

## ЎӘСИЯТ

Өлген сон мени көминлер
Сүйикли Украина жерине,
Кең далада, ортада,
Қәбирим жатсын көрине.
Жатайын қорған ишинде,
Зор дәрьядан бийикте,
Қарт Днепр сарылдысы,
Еситилсин келипте.
Украинаның жеринен,
Душпан қаны жосылса,
Суў менен ағып аралас,
Дәрьяға ол да қосылса,—
Сонда турып қәбирден,
Қудайға басты ийемен,
Сондай ўақыт болмаса,
Қудайды не деп билемен.
Жерленлер ҳәм көтерилиң,
Кисенди үзиң, сөтилсин!
Жаўыз душпан қанлары,
Азатлық ушын төгилсин!
Мени де азат ҳәм жаңа,
Уллы семья ишинде,
Мийримли, жыллы сөз бенен,
Сақлай көриң есиңде.

*1845, 25-декабрь*
*Переяслав*

* * *

Қыйнағандай сен мени,
Жат елде ғарры бендени
Тутқын етип сен, алла,
Өткерме өмирин бийкарға.

Жапан дала шөллерден,
Ғам қуўдым жазы—қысында.
Сайран етиў жоқ бир дем,
Бәлениң бәри усында.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *
*

Бир гезлери қалағойсақ дусласып,
Бәлки, шоршып кетерме един албырап?
Сонда маған қайсы тилде сырласып,
Қай лебизде айтар един жай бир гәп?

Жок! Сен мени қалар един танымай,
Я ойланып, бәрин еске салармең?
Өз көзиңе өзиң сонда инанбай,
Бир сәтке „бул түсимбе?“ деп қалармең.

Ал, мен, бирақ, қуўанар ем келисип,
Көргенимде, қара қасым, өзиңди.
Дийдарласып, қушақласып көрисип,
Қанлы жасқа булар едим көзимди.

Жылар едим солығымды басаалмай,
Еске алып: сол бир жаслық күнлерди;
Ҳәм шадлығы, ҳәм ызасы бир талай,
Сениң менен сол сырласлы күнлерди.

Шүкир, дер ем, сол көп мәккар түслердин,
Алдаўынан қутылды деп, бул басым.
Дәртин баска саўда салған ислердиң
Жуўар еди ыссы-ыссы көз жасым.

*1849-жыл*
*Қос-Арал .*

* * *

Болса еди бир жуп етигим,
Мен де ойынға бир тусер едим.
    Табылама, қәне, ол маған!
Тынымсыз саз тырнап жүректи,
Қоздырады қайғы-ҳәсиретти.
    Дәрт езеди мени қайтадан.
Жалаң аяқ аралап қырды,
Мен излеймен өзге тәғдирди.
    Ҳеш таўсылмас көрген азабым.
Туўылсам да болып қәлем қас,
Тәғдир маған болды баўыры тас.
    Жүрегим бар шерли, ызалы.
Қызыл етик кийген барлық қыз,
Ойнап күлер, мен тек бахытсыз.
Кеўилим қапа, күним сергиздан.
Ғамлар шегип, келер қорлығым.
Қара шашым, көрким, ҳүрлигим
    Қазан урып қуўраған қызбан.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Ушырастым, тиллестим,
Жетим менен бир сорлы.
Сүйдим де некелестим,
Айыбым сол болды.

Шашы, сақалын қырып,
Қалдырмастан бәтамам:
Әкетти солдат қылып,
Келер-келмеси гүман.

Солдат жесири болып,
Өтиўде жалғыз өмирим.
Жүрегим дәртке толып,
Усылай болды тәғдирим.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Мени шайы көрпеде анам,
Туўған еди. Мен жеген тағам—
Мазалы да, сулыў да еди.
Тек бөленип макпал, шайыға,
Ҳеш көринбей жатка, сайылға,
Өсип ҳәм ер жеткен едим.
Мине, енди изленди бир яр.
Мендей сулыў, мендей бахтияр
Табылмады сирәда елде,
Ышқы отында күйип-жандым мен.
Бир жарлыны сүйип қалдым мен.
Анам қатты қарсылық етти.
Жат боп байлық, еркелик орыны,
Көп-көп азап шектим мен сорлы,
Түнлерде ышқ қайғысы жеңди.
Даладағы шөптей қалтырап,
Зорға ғана бул дәртке шыдап,
Өткеремен көп узақ түнди.
Көзлериме көринбес ҳеш зат,
Оны сүйип таппадым рәҳат,
Сүйе алмадым басқа ҳеш кимди.
Мейли, бир күн болса да харап,
Өмиримше анамды ғарғап,
Өткеремен бар өмиримди.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *
*

Пышағымды—жолдасымды,
Қайрап қынға саламан.
Ҳақыйқат әдил турмысты,
Излеўге жол аламан.
Жүрмеймен сары далада,
Жүрмеймен гүзар үстинен.
Жаңа жолдан жүремен,
Мен айныдым ескиден.
Дәўлети артық пан менен,
Қымбат кийим кийинген
Шляхта-дворян менен,
Кабакханашы[1] менен,
Бир сөйлесип көремен.
Айтаман таўып монахқа:
Жүребермей бийкарға
Дуўа қылсын ҳәр күни.
Айтсын барлық адамға—
Өз-ара олар ҳеш қашан
Урыспасын, таласпасын.
Жесирдиң жетим баласын,
Солдатлыққа алмасын.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

---

[1] *Кабак*—арақ сататуғын жер.

* *
*

Қар жаўып тур көшеде,
Ысқырып боран тил қатып.
Дийўал түбин өкшелеп,
Барады сорлы бир катын.
Усылай питпес талапта,
Жер жоқ ол бир бармаған.
Бәрҳа ол көше, кабакта,
Салака сорап зарлаған.
Солдатқа кеткенде баласы,
Ойлап еди басқаша.
Енди көрсе дуўасы,
Болмастай қабыл ҳеш кашан.
Келин жумсап қартайсам,
Жасарман тыныш, деп еди,
Узақ түн өткен, жағып шам,
Үмити сол бир көп еди.
Болмады мине. Ҳәр кимнен,—
Жыйнап жүрип садака,
Қойымлыкқа кириўден,
Қәбирди көрди аласа,
Дуўа қып крестьке асыла,
Жалғызым, деп зар қақты.
Баласының басына,
Садақа жыйнап, шам жақты.

*1848*
*Қос-арал*

* * *

Сайрар тынбай бүлбил қус,
Кетпей талдың басынан.
Жылайды бир қыз боп бийҳүш,
Бахытсыз болған жасынан:
Бастан жаслық жылларым
Өтип баратыр.
Суўға түскен гүллердей
Кетип баратыр.
Болғанында ата-анам,
Байлық, тирегим,
Көп жигит болып панам,
Сүйемен, дер еди.
Мен бийшара жетим қыз,
Садық боп тилекке,
Қайсы бир ший түбинде.
Шириймен жекке.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *
*

Катеринаның үйи,
Бай дәўлетли үй еди.
Болайық, деп, қонақта
Данқлы Запорожьели
Мәрт жигитлер гүл киби,
Келип кирди бир күни.
Ағайинли үшеўдиң
Бири-жаланаш Иван,
Бири-жалаң аяқ Семен,
Ярощенко—биреўи,
Қатыны өлген ер еди.
— Польша деген жер гездик,
Украина деген ел гездик.
Бирақ та Катя киби қыз,
Көре алмадық ҳасла биз.
„Байлығым болса еди—
Деди олардың биреўи,—
— Ҳасыл алтын дүньяны,
Берер едим бул қызға“.
Екиншиси айтады.
— Қолым жетсе, егер мен,
Катерина қыз бенен,

Бир заман дәўран сүрсем,
Болар ем ырза, соң өлсем!
Үшинши айтты: „Ол болмас!,
Сүйгеним, деп ийсе бас,
Маған тийип бул айым,
Қандай аўыр иске де
Болар едим мен қайыл,
Тәнимнен жан кетсе де“!
Катерина сөйледи:
Ол қонаққа—Ҳей!—деди,—
Мениң жалғыз ағам бар,
Жаў қолында қор ҳәм зар.
Қырымда жатыр боп тутқын,
Аўыр боп оған күн ҳәм түн.
Соны таўып әкелген,
Жигит маған яр болар!
Бул исти ким питкерсе,
Сүйгеним мениң сол болар!
Бәри де буған көнеди,
Атларына минеди.
Сөйтип қыздың ағасын,
Қутқарыўға жөнеди.
Днепрде биреўи,
Суўға кетип өледи.
Иван болса Козловта,
(Қазаланып қазықта)
Қыйналып деми питеди.
Даңқлы Ярощенко ер,
Батырлық етип сонша күн,
Жетип келди Қырымға,
Бахша сарайдағы тутқын—
Жигитти барып қутқарды.
Катеринаның есиги,
Таң сәҳәрде қағылды,

— Тур, Катя, орныңнан,
Ағаң келди, мине, ал!
Катя жойытып тақатты,
Ярощенкоға айтты:
— Бул туткын сүйген ярым,
Бас қосқаным, сунқарым.
Ағам еди, деп сени
Өтириктен алдадым.—
Сөйтип Катя талды да,
Тез жығылып қалды да,
Өлип кетти бийшара.
Қара көзлер жумылды.
Қыз далаға көмилди.
— Қой бул үйди, иним,—деп,
Туткын жигит турды „үҳ!“ леп,
Қос Запорожьелик,
Жолға раўан болады,
Айнымас дос болып қалады.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Ҳәйю, балам, ҳәйю, балам,
Дәртимсең мениң.
Украинаны араласаң,
Ғарғарсаң мени.

Есле әкеңди ерте ҳәм кеш,
Тек мен гүналы.
Ғарға мени, маған болсын,
Қайғының зары.

Мен дүньядан өткен бир жан,
Сен тоғайға кет,
Ҳеш ким гина қылмас саған,
Сонда сайран ет.

Калинаны[1] излеп тауып,
Бас ийгил оған.
Сүйер едим оны садық,
Жигерим, балам!

Халық ишине барып кирсең
Тынбасын көзиң,
Бир балалы ана көрсең,
Жастан арт көзиң!

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

---

[1] *Калина* — ағаш.

* * *
*

Не себепли қарайғансаң,
Жасыл, гөззал кең далам?
— Күткен әрман саўашында,
Бояп кеткен мени кан.
Берестечка қасындағы
Қатты болды бир саўаш.
Үстимди көп лашлар басты,
Қып-қызыл қан аралас.
Тан атпай-ақ көп ғарғалар,
Өликлерге жабылды.
Казак көзин шоқып олар,
Аўзы қанға малынды.
Көп өликтиң үстимдеги,
Бети калды жабылмай.
Қалай шыдап турарман мен;
Қараўытпай, налымай?!
Мен жасылға дөнермен аў,
Сиз қаларсыз усылай...
Жетисе алмай, еркинликтиң
Еске аларсыз сәўирин.
Дәртке толы пазнаңыздан,
Сөтилер кең баўырым....

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Даланың зор самалы емес,
Тал бойын сонша ийген.
Ол қыз бахытын, өз талайын,
Ғарғыслап ышқыға күйген:

„Жақсы еди, әй тәғдирим,
Теңизге батсаң туўлаған.
Сүйисиўди неге сирә,
Бере алмадың сен маған?!

Қызлар деген көп сүйисип,
Өзин қушақлаттырар.
Соңғылығын ойламастан,
Өз тәғдирин мат қылар.

Барлығынан бас тартаман,
Анажан, өмир-апат,
Бул дүньяға шығып сирә,
Көре алмассаң муҳаббат.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* *
*

Кеӊ саҳраға көз салып турман,
Тур ортада бир бийик қорған.
Сонша узақ саҳрадағы таӊ,
Не түс көрдим, нелер еситтим,
Умыта алмайман.

Демек солай! Некемиз болмай,
Ажырастық узақ, тура алмай.
Бостан-босқа өтип барады,
Бизиӊ жаслық жыллар жылай,
Зырлап барады!

Қартайдық биз енди биймәҳәл,
Мен тутқынман, сен жесир ҳаял.
Соӊғы жасты жасап атырмыз,
Өткен күнлер бизге тек қыял.
Есте қалады!

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* *
*

Және почта хат әкелмеди,
Көп күтип ем Украинадан хат.
Не гүнам бар ҳасла билмедим,
Неге кудай хорлады узак?!
Ҳасла бул қорлықтың себебин—
Биле алмадым ойланып сонша.
Бәри бир ғой, оны билгеним—
Маған пайда келтирер канша?
Өтип кеткен сол бир жыллары,
Өз елимде басыма түскен—
Саўдаларым, кайғы-ғамларым
Бул жерде де турар елеслеп,
Кетеримде көп ўәде қылып,
Бираз дослар жубаткан еди.
Бири аға, бири қарындас болып,
Өзин жақын қылып туткан еди.
Бирақ, көшкен булт кәрўанындай,
Биргелесип төкпей көзден жас,
Тарқалысты кеўли қалғандай
Ҳәзир мени дым еске алмас.
Бәрин билдим. Жас өткен де тап...
Жоқ! Өлгенди, бәлки бәри де!

Бар болғырлар! Болмаса бир хат—
Жазыў деген, ис ғой дым аңсат...

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

Усы жазған хатымды,
Оқығанын көрмейин деп,
Украинамды сағынып,
Кеўил йоштырып жырлап,
Ишим писип сарылып,
Теңиз бетке шығаман.
Қайғы таўын жығаман.
Алдаса да адамлар,
Қанатлы жырлар алдамас.
Исеним берер, жубатар,
Шынлықты айтпай тура алмас.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

*

Казак едик биз ол жыллары,
Басланғанша сол бир ҳәдийсе.
Дос дер едик биз полякларды,
Жыллар шадлы еди көп есе.
Баратыр еди жасанып шөллер,
Қарағанда тарқатып кумар.
Өнирине тағып шоқ гүллер,
Жырлар еди не жанан қызлар.
Аналар да шадлықта жасап,
Перзентлерин өсирер еди!
Жүреклерде қуўаныш тасып,
Балалар шад жүгирер еди,
Гүл ишинде күлисер еди.
Бирден бизге поляк панлары
Анталасып топылды бәри,
Байрақ етип Исаның атын.
Азап шекти жетим-жесирлер,
Жасқа жуўып аўыл қыратын.
Казак басы ийилди төмен,
Сөнген оттай жалынсыз қалып,
Украина жылады налып,
Далаларға егилди гелле!

Көшемизде жәллатлар шағлап,
Дарғазап боп, жүректи дағлап.
Тыным таппай мақтап қудайын,
Жар шақырды, ўаз айтып магнат.
Поляк достым, жексурын магнат
Салды бизге айралық дағын.
Болмаса ғой усы аўҳаллар,
Жасар едик бирге екеўмиз,
Ҳасла тартпай өмир азабын.
Сен қайтадан қолды узатып,
Бер жүректи, таза ҳүжданлы.
Ядқа алып Исаның атын,
Гүллентейик тыныш мәканды.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Көк тениз тур тып-тыныш.
Әлле қайда қырғақта,
Сары пөпек бир камыс,
Желсиз-ақ ҳаллас урмакта.
Қашанға шекем паянсыз,
Усы бир тилсиз әтирапта,
Алданышсыз теңиздиң,
Аралын жайлап жырақга,
Жасарман шыдап қайғыда?
Қамыстан ҳасла жуўап жоқ,
Суў да жагыр гүндей боп.
Олардан жуўап алынбас,
Сораўға адам табылмас.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *
*

Тутқынлықта жалғыз жүрип зериктим,
Дәртлесер ем жалғыз сырласым болса,
Аўҳалымды сорар меннен келип ким,
Қәнекей, қасымда жолдасым болса!

Күни-түни аҳ ураман зар шегип,
Тәғдир, мени не күнлерге дус қылдың!
Бул үлкеде узақ жыллар қор етип,
Жаслығымды-бәҳәримди қыс қылдың!

Бир ләззетсиз өтти жайнаған жазым,
Өмир өтти жәбир-жапалар менен.
Жүректи сонда да жубатпақ лазым,
Қайғы булты қашан тарқалар меннен?!

Жүрек жақсылықты күтер, асығар,
Еситсем деп бир хош хабар аңсаған.
Кең даланы аппақ етип жаўған қар,
Үмитти де көмип кетер сол заман.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Хош айтысып сырласыңа,
Үйиңе кеш кайтқаныңда,
Ойға алма мени, иним,
Тез, асығып жатқаныңда!

Келсе, бирақ, бир күн қонақ,
Отырысса болып куўнақ,
Сөйлесиўге сонда, иним,
Сен достыңды шақыр сыйлап,
Теңизден де дым узақта,
Туўған ел деп көп аҳ урған,
Шөл азабын шегип турған,
Хош мүлайым досты ядка ал.
Сол жүректиң қайғы, азабын,
Қыялларын есиңе сал.
Күни кешип жүрген ҳәрне,
Өмири оның дәрбедерде.
Сендей досын, жанажанын,
Сағынғды Украинасын.
Айралыққа ес алдырған,
Аңсат емес сағыныўта.
Соң ишиңнен шықпай жүрер,

* * *

„Қайғы шегип отырмайман,
Ҳешкимге гина қылмайман.
Бас аўған жакка жүрейин,
Тәғдирде не бар, көрейин.
Ийини келсе үйленермен,
Я өзимди өлтирермен.
Ҳешкимге де сатылмайман,
Жалланбайман, бас урмайман".
Ол усындай шәрт пенен,
Басы аўған жаққа кетти.
Тәғдир оны ермек етти.
Бахыты бәлент адамлар да,
Индемеди соры барға.
Жөнелтти оны узақларға,
Бизиң елде бундай адам,
Туўылмасын, деди, мудам.

*1849-жыл*
*Қос-Арал*

Кеўлим жылар муҳаббатсыз
Қайғы-азапта.
Ҳеш табылмас бунда маған
Сырлас бир адам.
Жалғызлықта ҳәсирет шегип
Ышқынады жан.
Бул жалғызлық жүдә аўыр
Жас жүрегиме.
Гүбирлескен дәртлеримди
Айтайын кимге?
Қыйын иште бул сырларды
Саклаўым узақ.
Душпаныңды муқата алмай
Елди етпей шад,
Өлип кетиў аўыр әрман
Усылай жай ғана.
Қәне, кел, дәс, бир барайын
Украинама!

*1849-жыл*
*Қос-Арал*

## КӨТЕРИЛДИ АСПАНҒА ЖЕЛҚОМ

Я, дәс! Көтерилди аспанға желқом,
Кемелер қамыслық ишинен өтти,
Әсте жүзип Сыр-дәрьяға түсип, соң—
Таўдай толқынларға кирди де кетти.
Хош бол енди, эй бийшара Қос-Арал!
Мени ҳәсирет қысып қылғанда бийҳал,
Еки жыл қайғылас болдың сен маған.
Раҳмет, достым! Арзыр мақтансаң:
Адам сени таўып қырында турды,
Сен арқалы билип алды көп сырды.
Хош қал енди, достым, қәдирдан үлкем!
Мақтамайман, ғарғамайман сени мен.
Сен де көрген аўыр азабыма, бирақ,
Мүмкин бир гез тағы боларман дуўшар.
Бәлки, онда сеннен боларман жырақ,
Сапар-қусым туўған ел бетке ушар!

*1849-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Кеўлим шад болсын деп өзиме-өзим,
Жазайын ба бир қосықты бағышлап?
Ҳәжетли, ҳәжетсиз гәплерди дизип,
Бир әңгиме баслайынба нағышлап?
Кеўлим бир хат күтер болып интизар,
Оны алып оқыўға тәғдирим коспас.
Ҳеш кимнен ҳақыйқат сөзден жоқ хабар,
Тәғдир апатында кеўлим бир йошпас,
„Енди пайты келген болар итимал!
Усынғалы бери „Кобзарды“ халыққа,
Он жыл өтти. Еле бәри бирдей лал.
Не шара, шайырды тәғдир налытса!
Ҳеш кимде, зарымды тыңламайды ҳеш,
Барман ба, жокпан ба, ойламайды ҳеш.
Мейли, мақтамасын, куўатламасын,
Онысыз ақ өз жолымды табаман.
Кеңеске мүтажбан, жүрек наласын
Ырза қылғанымша, дүньяда аман—
Тура алмаспан, демлерим питер.
Сүргин сүйегимди сипселер етер,
Ҳәдден асып, зулымлыққа толы азап.
Биреў маған жазса еди, жалғыз хат.

Билсем еди, сонша күйип ҳәм жанып,
Гийнели жырымды жазғанымды кимге,
Украинаны сүйеменбе, айт, жаным,
Я муҳаббат отын өширген мен бе?
Бул дәртке не себеп болғанман дуўшар?!
Паш етилгенинше, азып ҳәм тозып,
Қартаярман ҳәм жүректен от ушар.
Қуры босқа отырмайын деп азып,
Гейде қолға қәлемимди аламан.
Муртлы қазақ, ғарры мүләйим қазақ
Түслериме кирер мудам урланып.
Қыялымда, көкке шапшып, арқырап,
Бир арғымақ астында турар, сыланып.
Усыннан басқаны билмей, аңламай,
Алыс елде, өз елимнен жырақта,
Бәлки, бул дүньядан өтермен зарлай.
Солай ма екен расында тәғдирим?
Сыйынбағанды қудайға анам-кемпирим?
Мине, нәлет тәғдир ушырып самалдай,
Шөлде қалған бир зәҳәрли жыландай,
Дүзде қалып биййҳуш болып жатыппан,
Бәлки, өлим шарабынан татыппан.
Бирдей аҳ ураман, муңлы жасайман.
Өлим тилеп қумлар ушқан саҳрада.
Жазам неге арта түсер бәрҳама?
Деген менен, Украинаның жерлерин,
Ҳақыйқатшыл елди сүйген ерлерин,
Шын жүректен мәңгиликке сүйемен.
Болмасада қасымда бир дәртлесим,
(Сол дәртлести таппағанға күйемен),
Соңғы демди күтпектемен алыста,
Қойшы, достым, босқа күйип-жанба сен,
Аяғыңа урма нәлет тамғалы кисен.
Бир аллаға дуўа қылып сыйың да,

Қара бетке, қайғы-зарға түкир, бар!
Ахмақтан да аҳмағырақ тап солар.
Айтпақшы, сен бәрин алдан ойлап көр,
Бойыңдағы бар ақылды, жыйнап көр.

* * *

Болмаса бир ылашық панан,
Я қарындас, я туўған анаң,
Дәрт кетерме, басымнан сирә,
Жүрегиң боп дәртке аўара!
Я анам жоқ, я қарындасым,
Ол бахытган аўлақ бул басым.
Көре алмадым ондай бахытты,
Өмирим өтти арқалап дәртти.
Көптен бери жат елде басым,
Сел боп ақты көзимнен жасым.
Жыладым кәп дәрт азабынан,
Қостарым жоқ яки баспанам.

. . . . . . . . . . . . . . .

Узақ-узақ гезип теңизде,
Соң дәрьяға түсип бир гезде
Көшки таслап иркилдик азлап,
Дем алдық бир кеўил пардозлап.
Батагадан хатлар келгенде,
Оқыў ушын жыйналдық демде.
Достым бирге. Жамбаслап жаттық,
Кеңес қурдық, қиялға баттық.
— Ах, сүргинде анадан бир хат—

Алыў деген ол қандай мурат?!
Жалғызбысан?—дедим достыма.
— Үйи-жайым бар—деди әсте,
— Анам және, қарындасым бар.
Бирақ, хат жоқ, сол-қайғы ҳәм зар.
. . . . . . . . . . . . . . . .

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

* * *

Даңқ ушын, я биреўге арнап,
Жазылмаған ҳеш қосықларым.
Өзиме деп жазып ҳәм жырлап,
Арнағанман олардың бәрин!
Сүргинде қосық жазаман,
Қайғы ғамнан урланып.
Узақ Украинамнан
Келгендей сөзлер арналып.
Әсте-әсте көбейип олар,
Ақ қағазларға толар.
Умытылған бахытсыз—
Жүрегимди жубатып,
Олар тап жас баладай,
Ҳәм күлисер, ҳәм жыласар,
Келисикли хатасында[1].
Балалар менен ойнағандай,
Мениң бул дәртли басыма
Шадлы қыял жыйнағандай,
Қуўанаман, жубанаман.
Бул узақ, жат үлкеде

[1] *Хата*—үй мәнисинде.

Сораймаң бир қудадан,
„Мениң де балаларымды
Шығарма,—деп,—ядыннан“.
Үй тәрепке кетсин ушып,
Ушқыр қыял-балаларым.
Бул дүньяда жасаўдың
Жүдә аўыр болғанын,
Айтсын олар бәрин.
Балаларды үй жағымда
Қарсы алар суўық сөз.
Атам басын шайқап тыңлар
Анам сөйлер тигип көз;
„Бул дүньяға, балаларым,
Келмегенде не қылады!“
Ал бир қыз айтар өз қиялын,
„Мен сүйип ем деп, оларды!“

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Жат үлкеде өстим мен,
Шегип кайғының зарын.
Жалғызлыктан ғәриппен.
Дүньяда Днепримнен,
Туўылған ана жеримнен—
Артық жерди ҳеш ўакыт
Көре алмадым сирә мен.
Қай жерде биз болмасақ,
Билемен, сөзсиз сол бир жер,
Бейиш болып көринер.
Көп өткен жоқ арадан,
Аўыр келген бир жылы
Украинама барғанман:
Анам мени ҳәйялап,
Бесигимди тербеткен,
Сол бир үлкен аўылда,
Туўра келди болыўға.
Еле де жақсы анажан,
Ўақтында өле алғансаң,
Болмаса мениң бахытсыз—
Күнимди көрип, қудайды,
Нәлетлер един удайы.

Қаңырап жатқан жер еди,
Аўылдың қасы, әтирапы.
Жерлери арық, өнимсиз,
Адамлары аш, кеўилсиз,
Бағлары куўрап, қыйсайған,
Жайларда бурқып шаң жатар,
Ҳаўызлардың шөп-шары,
Бел буўарға кабады.
Ал, үйлер жанып кеткендей.
Ақылынан азғандай,
Сөзди сирә қайтармай,
Барлық адам жыйналып
Баршинаға барады.
Өзлери менен қасына
Балаларды да алады!

. . . . . . . . . . . . .

Жат үлкеге, үлкемнен
Тағы да жылай кеттим мен.
Бул ғана аўыл емес бир,
Даңқлы Украинаның,
Ҳәр буршында теп тегис,
Зулымлыққа халықты,
Дуўшар еткен аямай,
Мийрими жоқ бул тәғдир.
Хор-зар болып барады,
Ер-азамат көп уллар.
Алып сатар панларға
Қарыздан қалыс боларға,
Береди соңғы ыштанын...
Қандай аўыр, қандай қыйын
Қула дүзде зая болмақ.
Оннан да қыйын Украина да.
Булардың бәрин көз көрип,
Жыламақ және тыйылмақ!

. . . . . . . . . . . . . . .
Бул бәлениң салдарының
Сонша аўыр болғанын
Кеширмегенше өз басың,
Украинаң сырласың
Көринер гөззал жер болып,
Таў аралап сарлаған,
Ғарры Днепр саған,
Бир нәресте баладай,
Я бултанлап, таўланып,
Украинаны айланып,
Болар саған пәрмана.
Көринер-жасыл зор бағлар,
Үлкен ҳәм шадлы аўыллар,
Бул аўылда рәҳәтли
Ўақтын хошлар адамлар.
Болар еди-аў бул ырас,
Украина залым панлардан,
Бәрше кайғы-ғамлардан.
Азат болса бир жола,
Жүзине халықтың нур тола.
. . . . . . . . . . . . . .

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Сай бойынан күн шығып,
Тоғай бетке батады.
Ашықта казак қыдырып,
Ынтығып, азап тартады.

Тыным таппай қараўлап,
Үлкен үмит етеди.
Бирақ, ол қызды қара қас,
Бостан-босқа күтеди.

Ол опасыз тоғайдан,
Шықпайды ҳәм келмейди.
Панды жоллап жигитке,
Өзин онда еглейди.

Лардан атлы пан шығып,
Байлады қолын казактың
Ҳәм көрсетти талайын,
Аты өшкир азаптың.

Қамады барып түнекке,
Дус етип көп жалаға.
Қызды болса қаңғыртып,
Қуўып салды далаға.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

„Басымды босқа қатырып,
Қатын алғым келмейди.
Балаларды ызғытып,
Бәлеге қалғым келмейди.

Түсинсең ана, сөзиме,
Қос айдағым келмейди.
Атызда жүрип узақ күн,
Жан қыйнағым келмейди.

Әзелден маған дос болған,
Великий Лугке бараман.
Даңқлы Запорожьеде,
Мен үйленип қаламан.

Туўылған үйде пан болып,
Хортикада жасайман.
Арақ ишип мәс болып,
Жаңа өмирди баслайман.

Солай деп казак ақылсыз,
Кетти алысқа даңқ излеп.

Анасы қалды панасыз,
„Қайда екен улым?“—деп.

Жума күни гүрсинип,
Қапаланды анасы.
„Иваным мениң қайда екен,
Барма екен деп, панасы?

Көп жыл өтти арадан,
Келмейди ғой балам“ деп,
Көкке жетти наласы.

Бир күни келди баласы,
Өзи кәсте, шаршаған.
Жамаў-жамаў кийгени,
Еки көзин жаслаған...

Әне саған Запорожье,
Әне саған туўған жер.

Бөлискендей қайғыны,
Жанында жоқ ҳеш бир ер.

Болмас па еди қызығы,
Үйленсе казак қызына.

Өтти жаслық шадлығы,
Келип жетти қайғылар...

Енди сөнген жүректи,
Кимлер ойлап қайғырар?

Қаңыраған үйде—ошаққа,
От жағып берер адам жоқ.

Жатырған майып—ақсаққа.
Суӯ алып берер адам жоқ

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Сай бойында бийикте,
Қорған менен таласа,
Еки ақ терек өсип тур,
Кең далаға жараса.

Желсиз де олар бир-бирин,
Селкилдесип бүлдирер,
Булар турған жаўласып,
Мәккар апа-сиңлилер.

Бир гезде олар екеўи,
Бир Иванды сүйеди.
Казакта сүйип буларды,
Ышқы отына күйеди.

Жаным—деди биреўин,
Сәним,—деди биреўин.

Бир күни тоғай үстинен,
Қызарып күн батқанда,
Дусласты бәри бир сайда,
Уяға қуслар жатқанда.

„Масқарашылық, бул, демек,
Етипсең бизди, сен ермек"—

Деп еки қыз Иванды,
Болыпты уўлап өлтирмек.

Кетипти излеп уўлы шөп,
Узамай таўып алыпты.
Болып оны қайнатпақ,
Бир қазанға салыпты.

Өзлериде зар жылап,
Қайғырыпты қыйналып.
Қайнатып уўлы сол шөпти,
Шығыпты жолға жыйналып.

Алдап-суўлап Иванды,
Салыпты бир сойқанды.
Сай бойында қорғанның,
Қапталына жерлепти.

Бирақ та олар соңынан,
Қайғыра алмай жүрмепти.
Бир күни ерте кәбирге,
Екеўи келип жылапты.

Сыйқырлы шөп сол ўақта,
Буларды да уўлапты.
Өзгеге өрнек болсын, деп,
Қудай ғарғап буларды,
Бирине бири дым уқсас,
Ақ терек қылып шығарды.

Соннан берли екеўи,
Далада қорған қасында,
Жел ессе де ийилер,
Еспесе де ийилер,
Сол Иванның басында.

*1848 жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Түнде орылмаған дәнлерге карап,
Жол шетине шығып майданды таңлап,
Балаларын ўайымсыз бағыўға,
Бүркит уяларын отқа жағыўға,
Өзин услап алып, асып терекке,
Биротала жетиў ушын тилекке,
Соң республика орнатыў ушын,
Жапалақлар жыйналып бир жерге қонды,
Бул туўралы кенес қурмақшы болды.
Барлығы да тайын кусаған емес пе?
Шөпликтен жол алыў зыян емес пе?
Әзели қанық болмаған соң сырына.
Бул егинлик жерге ҳәр ким бурында,
Дузақ қурар еди. Мине бир сапар,
Бир әпенде дийхан келе сап дәрҳәл
Дузақ қурып, өзи кетип калыпты,
Бир саяға барып уйықлап қалыпты.
Азанда көзлерин уўқалап келсе,
Қурған дузақларын тексерип көрсе,
Илинип калыпты гилең жапалақ!
Буларды писирсе боларма тамақ?
Үйге апарыўды көрмепти лазым,

Иси еригип өлтирипти биразын.
Көбисин қусларға жемге таслапты,
Ҳәммесин де жайғастырып усылай,
Бул туўралы ҳеш бир аўыз ашпапты.

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* *
*

Урылардай, жартаслардың,
Арасынан барады казак,
Тыным таппай аққан суўлардың,
Жарқыраған түсине қарап,
Мысалы, ол жаў қулағына,
Айтпақшы боп сөзлерди мына:

— Ақ суўлы тынық Днестр,
Алып шық еркинликке,
Тәғдир солай болса егер,
Тез өлимди жеткер тикке!

Кийимлерин шешип бир тасқа,
Жүзип кетти суўға өзин таслап.
Өркешлене есер көк толқын,
Шайқап алыс бир жаға бетке,
Алып кетти қашқын казакты.
Ал, бийшара бул казак күткен
Азатлығын усылай тапты.
Қудайынан басқа ҳеш тилек
Тилемейди енди ырастан.
Мүмкин, казак, алыс жақларда,

Бахытыңды аңсап қаларсаң,
Тәғдириңе үлес сорарсаң...
Жүрип казак қараңғы сайдан,
Қосықларын айтты бир майдан:
„Ой, ана таудың қасын,
Жайлап қара пәрең қыз,
Төкти жылап көз жасын
Қайғыда калып ол жалғыз“.
Мейли, мени сиз балағатлаң,
Мейли, буны сиз оқымаң ҳаслан,
Бәри бир маған.
Бул қосықты ҳақыйкатында,
Өзим ушын арнап жазаман,
Қәлемимди берип шығынға.
Шығынды, бәлки төлеп қаларман,
Жақсы... Қәне тағы баслайық!
Келиншегим, үйим ҳәм анам—
Алысларда, излеп табаман!
Бессарабияға, үлкен ел бетке
Барады казак. Шеккен қайғысын
Жеткермек боп теңиз тәрепке.
Сөз жоқ, онда ол барғанында,
Дуўшар болса бир зор қамшыға,
Қулы болып қалар азаптың,
Болып қалар, мүмкин, жалшы да.
. . . . . . . . . . . . . . .
Дурысыда солай емес пе?
Бала гезинде ақ ел гезип,
Ерген еди ол анасына,
Зорға-зорға илесип.
Жетим болып өскен еди ол,
Көзиниң алдында ҳәмммениң,
Соң жалшы болып келте қол,
Үй дүзеди еплеп ҳәлленип.

Жоқ еди ҳеш оның жақыны,
Сулыў болды алған қатыны.
Биракта пан мырза тар минез,
(Бахытсызлықта, бахытлылықта
Қудайдан дейди ғой озалдан)
Ҳаялына бирден салды көз.
Көп ўақытлар өтпей, бир аздан,
Базарлық та жиберип үлгерди.
Алмай жүрди оны келиншек,
Пан көринсе жүзи түнерди,
Неси бар онда, оның күйеўи,
Жуўапка тезден тартылады.
Қәпеслерде жатып күн узақ,
Жақты дүньяға зар болады.
Сөйтип, оның сулыў қатынын,
Ийелейди ақырында пан.
Тап усылай болмаған менен,
Жақынлап та қалды-аў соған.
Елге келген казакты, ахыры,
Турып еди күтип озалдан,
Баршинасы қурғыры.
Ал, хожайын болса...

. . . . . . . . . . . . .

Шын жүректен сүйди бул казак
Еркелетип бәрҳа қатынын.
Кийиндирди баладай қылып,
Кийимлердиң гилең ҳасылын!
Сөйтип, бир гез ҳалдан кетти де,
Ашыркаўға түсти бир күни,
Мәжбүр етти я жайын сатып,—
Жалланыўға, енди кулкыны,
Пан сумпайы болса усылай,
Тонап алды барын сыдырып,.
Билмегендей болып қатыны,

Тек жүреди бағда қыдырып,
Перилердей болып мүсини,
Ал, бир күни жүдә қысылып,
„Не қылмағым керек енди?—деп
Көп ойланды казак бийшара.
Ойланбайын десе болама?!
Табылмаса ҳеш қандай шара.
„Таслап кете ғойсам үйимди,
Ким бағады күтип, асырап?
Олай етиў-маған қыйынды!
Келиншегим еле жасырақ
Қыдырыспа онның талабы.
Ал, анам да әбден қартайды,
Адым атса шаршап қалады,
Еки адым жерге бара алмайды.
Не қыламан бүгинлиги мен?
О, қайғылы, аўыр тәғдирим!"
Кетти казак бир күн кеш қурын,
Енди бахыт излеп, түрип жен,
Ортасында бәле-казанын,
Қалдырмақшы болды анасын.
Алып кетпек болып ойлады,
Өзи менен бирге ҳаялын.
Мақсет еткен менен усылай,
Асыра алмады иске қыялын.
Қалды ҳаялы, қалды анасы,
Жат еллерге қаңғырды басы.
Ойлады ол тыныш жасаўды,
Қудайына күнде сыйынып.
Келди оған бирақ жат елде,
Тағы да көп бәле жыйылып.
Алыстағы бул жат үлкеде,
Аўыр болды өткен күнлери.
Болсадағы ишпек-жемеги,

Басына бирақ бахыт келмеди.
Удайына жаны қыйналды,
Жән-жағынан бирдей қысынып.
Көп азапқа жүрди бас урып
Ҳәм ишқыста болды, сағынды,
Туўған жерин, туўған елатын.
Ҳәтте оның узын қәбирин,
Жасыл шөпли, кең мол даласын.
Сағынды дым сүйген дилбарын
Ҳәм дилбары қыдырған бағын.
Сөйтип, бәрин таслады кетти,
Үй бетине бир сапар шекти.
Таслап кетти азатлықты да,
Болып тағы дегди, гезенде.
Кеўил хошы табылды, бирақ,
Туўған елдиң көркине қарап.
Өскен жердиң даласы қандай,
Рәҳәтке бөлер жаныңды!
Азатлықтай, мысалы,
Жүдә кеп-кең, жағымлы!
. . . . . . . . . . . . . . .
Ел шетине келди түн қатып,
Үйге келип нәзер салады:
Ыңқылдап отыр туўған анасы,
Шынт уйқыда жатыр ҳаялы.
(Аўырыў еди пан) бирден ақ,
Ушып турды ҳаялы орнынан.
Сүликтей сорды қушақлап.
Жылап-жылап, асылып мойнынан,
Болады ғой сондай пайт да.
Бир қанжарды силтеп жүрекке,
Турсадағы болып қадамақ,
Сүйиседи гей бир сум адам.
Күтпегенде сөйтип бул ҳаял,

Шаққанласып қалды бәтамам.
Казак аң-тан. Қалай бул үйде,
Пайда болып қалған көп таам!?
Басын қойды ҳаял өзи ақ,
Көкирегине әсте қазақтың,
Тойғанынша қойды алдына,
Мазалысын таңлап тамақтын.
Шадландырып аўлап кеўилин,
Төсегине апарып жатқарды!
Гейде ўйқылап, гейде оянып,
Жатты казак аўыр ойланып.
Уйқылы-ояў таңды гүзетти,
Қыялларға жипсиз байланып.
Ал, жас ҳаял билдирмей, әсте,
Панға өзи барып қайтыпты.
Күйеўиниң келип үйинде,
Жатырғанын айтыпты.

. . . . . . . . . . . . . . . .

Әсте ғана, шаўқымсыз ғана,
Көп узамай тутылды казак.
Қаңғы бас деп, гезенде деп,
Гүнасыздан бир түн жазалап,
Оғада көп азап берипти,
Солдатлыққа жиберипти.

Онда оған сыйлық орнына,
Киширек бир атақ берипти.
Сөйтип, таслапты да хызметин,
Аўылына қайтып келипти.
Анасы өлген. Қоңсы-қобалар,
Әўлийеге жерлепти.
Пан да өлген Ҳаялы тири,
Азапты аз көрмепти.

Жалаң аяқ ҳәм де жалаң бас,
Бара жағын билмей қайларға,
Жүрген екен жалланып бәрҳа,
Панларға ҳәм иплас байларға.

Казағымдай мениң усы бир,
Кешире билиң бәрҳа, адамлар.
Қайда ол күн бизге жақсының,
Ийеси болып қала алар!

*1848-жыл*
*Қос-Арал*

* * *

Санайман сүргинде жүрип күн-түнди,—
Есабын да қалдым жаңылып.
О тәңирим, қандай ҳәсиретли, муңлы,
Өтип атыр күнлер ағылып!

Усылардың арасында жыллар да,
Жылжып әсте өтип баратыр.
Жақсылықты, жаманлықты олар да,
Бирге алып кетип баратыр!..

Ҳәм ҳеш сорамастан, қалдырмай бәрин,
Алып кетер узақ мәнзилге!
Қой, сыйынба, сениң сыйынған зарың,
Жетпейди ҳеш барып тәңирге.

Батпақлықта гүңгиртленип жосылып,
Қамыслардың арасында есилип,
Ағып өткен ҳәсиретли үш жылым;
Көп нәрсени алып кетти күш қылып.

Мениң кеўил сандығымды қопарып,
Ҳәм теңизге берди жасырып апарып,

Ол да жутты сездирместен сол ўақта,
Мениң алтын-зеримди емес, бирақта—
Мениң жылларымды, шадлықларымды,
Ҳеш бенде көрмеген байлықларымды;
Қайғы-зарлы саатларда оған мен,
Сырға толы қәлем менен жазып ем.
Мейли, өлимсиреп қамыс ишинен,
Тутқын жыллар аға берсин,.. Бирақ мен!
Мендеги әдет сол: гейде отырып,
Гейде әтирапқа шығып қыдырып,
Кең дала, теңизге нәзер саламан,
Өткенди ыңылдап еске аламан,
Ҳәм өзимниң дәптериме ҳәммесин,
Майдалап жазаман, болғанша мүмкин.
Мине, киристим.

*1850, Оренбург—1858*

* * *

От жанады, оркестрлер ойнайды,
Музыкалар жылағандай зарлайды.
Қызығың болса, көз алдында жаслықтың,
Реҳимли ашық жолы жайнайды.
Үмит етип қуўанышлы өмирди,
Ойларында сулыў өмир кеўилли.
Көз алдында жаслық оты елеслеп,
Тилейдилер шадлық пенен кеўилди.
Бәри ойнайды, ойнамайман мен ғана,
Жылайман да көз саламан айнала.
Алданғандай мен бир түрли боламан,
Белли маған жүргенлигим зорлана.
Жақтысы жоқ ҳәсиретте жаслығым,
Кетти мине өзгериле айнала.

*Оренбург 1850*

* * *

Ўақ жалғызбан, жалғызбан,
Жапанда жалғыз путадай.
Қудай маған бермеди,
Еркинлик, бахыт ҳәм де пай.
Сулыўлық берди тек ғана
Қара көз берди бул қудай.
Буларды өртеп күйдирдим,
Түнлерде жалғыз зар жылай,
Өстим жаттың ишинде,
Болмады жақын баўырлас.
Ҳеш кимнен медет көрмедим,
Қайдасыз жақын жан жолдас?!
Мийрибанлар бар ма екен,
Олар жоқ, бахыт табылмас.
Қушақларман кимди мен?
Жоқ, Ондай дос табылмас.

*Каземат. 1847*

* * *

Бир сулыў қыз қарақас,
Бизге пиво тасыды.
Рәҳим еттим оған мен,
Жаным жүдә ашыды.
Жалаң аяқ дирдеклеп,
Неге пиво тасып жүр?
Меҳримсиз кудай тентеклик,
Сениң ғана күшиң бул.

*1860-15-январь*
*СПб*

## АҚ ТЕРЕК

Тоғайдан самал еседи.
Далада гүўилдеседи.
Ақ терекке соқлығып,
Оны да жерге ийеди—
Бийик бой, үлкен жапырақ,
Не ушын жасыл дөнеди?
Жән-жағы жазық кең дала,
Көк теңизге меgзейди.
Талапкер қарар терекке—
Жүрегинде шер менен.
Ал, шопан оны күтпекте,
Қайғы толы жыр менен.
Қарасаң жан түршигер-
Өскен шөптен жоқ дерек!
Ериксиз өлген жетимдей
Қуўрайды бунда ақ терек.

Ким сыйлады сорлыны,
Тәғдир әбден ғарғаған?
Тоқтаң бәрин айтайын
Қулақ сал қызлар, сиз маған!

Сүйди қыз бир жигитти,
Қаны тамған жүзинен.
Бирақ, сүйгени кетти,
Ғайып болды көзинен...
Билсе, таслап кетерин,
Сүймес еди қыз оны,
Билсе, ғайып боларын
Жибермес еди оны;
Билсе, егер кешлетип
Суўға да бармас еди,
Билсе, яр менен түнде,
Тал түбинде турмас еди.

Егер билсе!...
Сол қайғыны—
Билсеңиз еди егерде,
Алда нелер боларын...
Дуўшакер болып бәлеге!
Мақулы сизлер сорамаң!
Жас жүреклер биледи,
Биледи, мейли сүйиссин,
Хош өткизип өмирди!
Қасыңыздың қаралығы,
Узағына тура бермес.
Жүзиңиздиң қызыллығы,
Бәрҳа қызыл бола бермес,—
Қасыңыздың сыны кетер,
Ол тек ярым күнлик нәрсе...
Күте бермей сүйиңизлер,
Жүрегиңиз мақул көрсе.
Тоғайда булбил сайрайды,
Көк ағашқа қонақлап—
Ойпатта жүрип жас қазақ
Айтады қосық ыңылдап.

Қыз үйинен шығады,
Сүйгенин күтип алмаға,
Ақырын жигит сорайды:
Деп: Анаң сени урдыма?—
Қушақласа кетеди,
Булбил даўам етеди:
Тыңлайды, тарқасады,
Жүреги дүрис-дүрис етеди!
Буларды ҳеш ким көрмейди,
—Қайда болды, ким менен?—
Тек анасы биледи!
Сүйди ҳәм еркелетти.
Жүрегин елжиретти.
Айтыўға бата алмады,
Толқытқан ойын жүректи.
Жубайы жоқ кептердей,
Ақырын гүнк еткенде,
Еситпеди ҳеш кимде,
Булбил сайрамай қойды,
Суў бойында, тоғайда.
Қыз енди қосық айтпады,
Сол талдың турып жанында.
Не болажағын билместен,
Шегеди қайғы сорлы қыз.
Жат кисидей көринди,
Туўысқан-туўған онысыз!
Онысыз күнниң нуры да,
Душпан күлип турғандай;
Онысыз тум-тус қуў мазар...
Соғады жүрек тек тынбай.
Жыл артынан жыл өтти—
Сүйген яры келмеди;
Гүлдей қуўрап солды қыз,
Мысалы гөрдей тым-тырыс.

Анасы „неге солдың“ деп,
Сорамады тил қатып.
Бир аўқатлы ғаррыға
Бермекши қызын жылатып.
—Тий соған!—деди анасы—
Айтқанымды қыласаң.
Ол бай ҳәм жалғыз өзи,
Сол үйге ийе боласаң!
—Мен онына тиймеймен!
Тиймеймен ана, қыйнама!
Мақулы сорлы қызыңды
Тири көм, оған зорлама!
Моллалар мейли дуўасын,
Оқысын мениң басымда,
Ғаррыға ҳаял болғанша,
Өлгеним жақсы жасымда?
Көнликпеди анасы,
Иследи өз билгенин.
Кем-кемнен қыз қуўарып,
Шығармады ҳеш үнин.
Қараңғы түнде палкерден
Сорайын деп уйғарды:
Қашанға шекем сүйгенин,
Көриўге несип болмайды?
—Мамажаным, мамажан,
Мениң қымбатлым, жаным!
Ынтықпан, билгим келеди,
Айт сен маған ырасын:
Сүйиклим саўма, сүйеме,
Я кеттиме умытып?
Қайда жүр ол айт маған?
Қыйнама қызды зар қылып!
Айт ырасын билсең сен,

—Мамажаным, жан мамам!
Бир картайған кисиге
Бермекши мени өз анам.
Ҳеш ўақтада ол шалды,
Жүрегим ҳеш сүймейди.
Суўға таслап өлер ем,—
Жанымды қыйғым келмейди.
Өлген болса сүйиклим,
Жәрдем ет, мениң ғарғам-ай,
Жолын тап үйге кайтпаўдың...
Жүректи өртеп қыйнамай!
Онда сол ғарры менен.
Мен қайғыдан өлемен...
—„Жақсы, қызым! исле тек
Мен не айтсам барлығын.
Жас болдым менде, билемен.
Бул азаптың қорлығын.
Умыт болды барлығы,
Журтқа жәрдем етемен.
Қызым сениң қайғыңды,
Мен бурыннан билемен.
Көптен бери сен ушын
Қойыппан дәри таярлап.
Шийшеде дәри сиядай,
Қуйылады лақылдап...
—Ал усы жақсы дәрини
Қудыққа барда тура қал.
Таўық шақырмай турып,
Денеңди әбден жуўып ал.
Иш азырақ дәрини,
Зияны жоқ, ҳеш қорықпа!
Онда саған бақырса да,
Қарама қызым жән-жаққа,
Жуўыр сен сүйиклиң менен

Айрылысқан жерге қарай.
Ортасына аспанның
Шығады жап-жақты ай—
Иш тағы, ол келмейди—
Үшинши ирет ишесең.
Бириншиде бурынғы,
Өз қәддиңе келесең,
Екиншиде узақ шөлде,
Ат дүбирин еситесең.
Тири болса жигитиң.
Кеп жеткенин көресең,
Үшиншиде не болады,
Қызым билмей-ақ қой оны!
Дуўа қылма! Онда өлер
Қолымнан келгени усы...
Ал енди бар, қызым сен
Шырайына гүл-гүл жанған.—
Дәрини алды, бас ийди,
—Рахмет,—деди,—Мамажан!—
Шықты. „Мүмкин таслайды?
Жоқ енди мен қайтпайман!"
Жуўынды да ол ишти,
Күлип қойды аўлақта,
Ишти тағы еки рет,
Қарамады жән-жаққа,—
Қанат питкендей болды
Ол кетти шөлге ушып,
Қайтып түсти, жылады,
Сонынан айтты қосық:
„Теңиз бойлап жүз ақ қуў,
Көк теңизде жүз еркин,
Ақ терегим өс мениң,
Шақаңды жайып бип-бийик.
Ақ терегим өс мениң,

Қап-қара бултқа тийип.
Қудайдан сора, болмай ма,
Көриўге ярдың дийдарын.
Көз тик тениз артынан,
Қарай гөр мениң дилбарым.
Ол жақта бар қуўаныш,
Бул жақта бар қайғы-зар,
Онда еркин далада
Кыдырып жүр сүйген яр.
Сарғая күтип оны,
Мен жылайман зар-зар.
Адамлардың айт оған
Күлгенин мени мазақлап,
Келмесе мен өлемен,
Өз жанымды азаплап!
Өлсем мени көмиўди
Анам күнле тилейди...
Жаным сени енди ким,
Ғамхорлыққа бөлейди?
Енди ким жәрдем етеди,
Жубатып сорлы анама?
Жаным анам! Жан анам!
Тапсырдым сени аллаға!...
Егер ярым, терегим,
Тениз бетте жоқ болса,—
Көрмеў ушын әллеким,
Жыла сен таң атқанша!
Ақ терегим өс мениң,
Шаканды жайып өс бийик,
Теңизде жүз ақ қуўым,
Узақларға кет синип!.
Усылай муңлы зарланып
Қыз батып қайғы-ҳәсиретке;
Ҳәммени ҳайран қалдырып,

Айналды ақ терекке.
Үйине қайтып келмеди,
Сирә бахыт көрмеди—
Жип-жиңишке, бип-бийик,
Болып бултқа өрледи.
Тоғайдан самал еседи,
Далада гүўилдеседи,
Ақ терекке соқлығып
Оны да жерге ийеди.

*Петербург 1839*

## ТАРАС ТҮНИ.

Жол бойына шулғып кобзарь
Қобыз шертер басын былғап.
Қоршап алған жигит·қызлар,
Отыр оған басын ырғап.
Кобзарь жырлар, косық айтар,
Сөзлеринде көп мәни бар.
Казаклардың ляхлар менен
Урысларын баян қылар.
Запорожлық мәртлер таңда
Атланғанын жырлап йошар.
Жан жолдасын қан майданда
Жерлегенин сөзге қосар.
Кобзарь йошып жырлағанда,
Қайғылыға шадлық нусқар:
„Гетманлардың зулымлығы
Дәўлет қайтып келмес ҳәргиз.
Енди болмас, усы жетер
Панлар езди бизди бир гез...
Умытылмас казаклардың
Даңқы, мәңги ядта өтер.
Булт келер Лиман жақтан
Бири келер кең даладан.

Қайғы басқан Украина
Басын алмай қайғы-зардан
Еңиреди ол, зар жылады
Мысалы, тап нәрестедей
Сонда ҳеш ким көмек бермей...
Казак ели болды ойран
Даңқы өшти, бүлди Ўатан.
Иләжы жоқ, жылар-сықлар.
Не иләж бар...
Динсиз өсти, күн кеширди
Казаклардың балалары.
Турмыс қурып бийнекеге.
Өмир сүрер өлгенинше
Дин душпанға сатылып,
Ширкеўлер қалды жабылып...
Дүркин-дүркин жаў ғарғадай
Келер ляхлар-душпанлар
Бул бәледен ким қутқарар!
Бас көтерди Наливайко—
Кравчина тамам болды.
Бас көтерип Павлюга
Күшин жумсап босқа қалды.
Оннан кейин Тарас Трясило
Халыққа өткир сөзлер айтты:
„Аянышлы Украина
Душпанлардан ойран болған!“
Украина, Украина!
Қәдирданым, Ўатан-анам.
Бул күниңди ойға аламан
Шийрин жаннан қыйналаман:
Қайда кетти ер казаклар
Қайда қызыл шапанлылар?
Қайда үлес—еркинликлер,
Панлар ҳәм де атаманлар?

Қайда булар? Көкке ушты ма?
Жоқ па олардан бир дәрек—из
Әўлийе—гөрләҳәтлерди
Батырды ма я көк теңиз?
Таўлар мүлгип, шуўлар теңиз,
Суўдың үстин думан басты,
Жаў қолында казаклардың
Балалары зар жыласты!
Мүлги, таўлар! Шуўла теңиз!
Шарқ ур самал кең далада!
Енире казак балалары,—
Усы болған талайында!
Бас көтерди Трясило
Ҳақыйқатты қорғаў ушын
Қанат байлап ушты алға
Барлық күшин салып жаўға
Бас көтерип Трясило:
„Жетер усы туншыққанлық!
Поляк пенен шайқасыўға
Шық ағайин, ет шаққанлық!“
Үш күн емес, үш түн емес
Трясило зор шайқасты.
Лиман Трубайло еки арасын
Көл-дәрья боп қанлар басты.
Мине, сонда казаклардың
Рухы түсип, тапты басқы.
Елди сатып Концепольский
Ат көтерип мереке етип
Ляхларға басын қосты.
Тарас өзлик казакларды
Жыйнап алып кең ойласты:
„Атаманлар, тең-қурбылар,
Аға-ини ҳәм жигитлер
Өмир ушын қандай жол бар—

Айтың ақыл, әй яранлар?
Казаклардың ишип каныы
Қандырмақшы мийрин жаўлар"
„Күн батқанша тойлай берсин,
Ляхталар шалқый берсин,
Ал түн—ана жәрдем берер,—
Көресини бизден көрер"
Таў артына күн де батты,
Жулдызлар да шашты нурын,
Ал казаклар булттай дөнип,
Ляхлардың қазар гөрин.
Ай төбеге келгенинде,
Мортиралар гүмбирледи;
Лях-панлар басқы таўып,
Қашыўға да үлгермеди.
Оянған лях-панлар,
Турмақ, бирақ дәрбенбеди,
Күн шыкса да лях—поплар
Жатты бойын көтермеди.
Жердиң үсти кап-қара қан.
Толқып аққан дәрья Альта
Даўыслап қузғынларға:
— Асық, турсаң жугиңиз кеп!
Мине, саған олжалар көп!
Ляхталардың етин жеўге,
Ызық-ызық қузғын келди;
Ал казаклар ибадатқа
Ширкеўине ығып келди.
Ғақылдасқан көп қузғынлар
Ляхталардың көзин ойды;
Ал казаклар усы түни
Қосық айтып саўық қурды,
Бул түн—Тарас, казакларды
Ийе етти жеңис даңққа.

Бул қанлы түн—туўры әжелди
Алып келди пан-ляхтаға.
Жағада ҳәм кең далада
Көп мазарлар көринеди.
Казак қаны аққан жерден—
Көк майса шөп тербеледи.
Мазарларға қонып қалған
Аш ғарғалар ғақылдасар...
Өткен күнин еске салып
Казак жылап, қайғы басар".
Кобзарь муңлы, басын алмай
Отыр шертпей қобызын да.
Әтирапында жигит-қызлар
Көзден жасын ағызды да...

Ал, жол тартып бирден кобзарь
Жүректеги дәртти қозғар!
Мәрт жигитлер намасына
Қосық айтып үнин қосар:
„Болған екен—демек, сондай!
Тоқтан, балалар, сөз бар бундай,
Мен барайын мәйханаға
Жуптым менен бир мәс болып
Иштен дәртти ақтарайын,
Душпанларды мазақлайын".

*(Петербург, 1839)*

* *
*

Жасаў аўыр бул дүньяда,
Жетимге ол жалғыз баслы,
Азап шегип қайғы-ғамда,
Тарыққанша өлген жақсы.
Жетер сонша киси есигин,
Гезип жүриў ертели-кеш.
Үйсиз жасаў кеўилсиз дым,
Барарыма жерим жоқ ҳеш,
Гей биреўдиң ығбал-бахты,
Атызлардан жыйнар егин.
Узақларда гезип мәңги,
Адасады бахтым мениң.
Ушыратып байды ҳәмме,
Басын ийип сәлем етер.
Танымас ҳеш мени көрсе,
Жат адамсып бәдер кетер.
Ҳүрмет пенен бир кыз бүкир,
Деген менен ол өзи бай.
Шын ышқыма күлки қылып,
Жуўап берер мисе тутпай.
Жақпадым ба, ҳаў мен саған,
Келбетимнен мин таптың ба?

Сүймедимбе жалынлы ҳәм,
Күлки еттим бе я артыннан.
Кимди сүйсең, сен соны сүй,
Арзымаспан мумкин саған.
Еске алғанда бирақта бир,
Азап берме күлип маған.
Мен тәрк еттим туўған жерди,
Қушағы кең дуньяны да.
Табаман мен өз бахтымды,
Қазан урып соламан я.
Кетти казак солай узақ.
Хош айтыспай ҳеш ким менен.
Қалды мәңги сонда бирак,
Бахтын таппай жат еллерден.
Өле жатып узақларда;
Батқанына қарар күннин.
Кутә қыйын жат ўатанда,
Бос өткени бул өмирдиң.

*(Гатчина 2-ноябрь 1838)*

## ПЕРЕБЕНДЯ

Перебендя соқыр ғарры,
Бул ғаррыны билмейди ким?
Ол аралап кең жаҳанды,
Өз қобызын шалар еркин.
Қобызшыны ҳәмме таныр,
Ырза болып тыңлап жырын.
Қанша өзине болса да ауыр.
Тарқатады халық мунын.
Көшеде ол күни-түни,
Жүрер гезип кайғы шегип.
Тәғдир мазақ етип оны,
Зарланады жасын төгип.
Зарланса да сорлы ғарры,
Сыр билдирмес ҳеш адамға.
Жырлап қобыз шертип зарлы,
Муңлы қосық баслар сонда.
„О шаўлама сен емензар",—
Деп еске алар жетимлигин.
Ҳәм отырып әрман кылар,
Баян етип аўыр күнин.
Ўай кызық-аў Перебендя,
Әдети бар оның мудам.

Сөзин баслап Чало[1] ҳаққында,
Қосық пенен етер тамам.
Қызлар менен майсаларда,
Веснянканы[2] айтар шалқып.
Жигитлер менен қабақларда.
Шинкарканы жүрер айтып.
Үйленгенлер болса тойда,
Айбы кәддем кәйненеси.
Жырлар муңлы қыз ҳаққында,
Тоғайларда бир әдети,
Ал базарда Лазарь[3] жөнинде,
Жырлар муңлы намаларын.
Қайғы орнап кеўилине,
Айтар Сечь[4]тиң қулағанын.
Ўай қызық-аў Перебендя,
Әдети бар онын мудам.
Қосық баслап күлип бәрҳа,
Көз жас пенен өтер тамам.
Самал есер тынбай толқып,
Еркин гезип далаларды.
Ғарры отыр қобыз шертип,
Толғап муңлы намаларды.
Әтирапы мысал теңиз,
Көринеди көгис дөнип.
Төбе артында төбе шексиз,

---

1—*Чало Савва*—XVIII әсирдеги Украинадағы гедей-дийханлар көтери исиниң басшыларының бири болып сатқынлығы ушын жолдаслары тәрепинен жазаланған адам.

2—*Веснянка*—Украинада аяқ ойыны менен ойланып айтылатуғын бәҳәрги айт қосықларының бири.

3—*Лазарь*—Евенгал мотивиндеги қосық.

4—*Сечь-Петр 1*—ҳәм Екатерина екинши тәрепинен қулатылған Запорожье аўқамы—Сечь ҳаққында тарийхи қосық.

Жым-жырт турар гүңгиртленип.
Ғарғы шашын, ақ сақалын,
Желбиретип самал тарар.
Қобызынын шерткен сазын,
Дыққат пенен дала тыңлар.
Жүрек қанша қүлер көз жас акса да,
Ғарры жырын хошлап еседи самал.
Қобызшы жол тартар алыс жақларға,
Ҳеш қайғымды билмесин деп халықлар.
Ҳәм жайсын деп самал жүрек сөзлерин,
Далаларға – тәңрим менен сөйлескен.
Пана излеп сандалдырар ол өзин,
Ал, жүзеди ойы булытларда көшкен.
Ҳәм қыялы буркиттей көк қанатлы,
Пәрўаз етер кеңнен мөлдир аспанда.
Дем алар ол тежестирип қуяшты,
Батып, атасаң деп ка сы жақларда.
Тениз бенен гүрриңлесип ол гейде,
„Жуўап бер“—деп күтер гүмис таўлардан.
Қайғы ҳәсирет бар жер болған жерде,
Қаншама жер болған менен бийпаян.
Орын бермес қушағынан ҳәттеки,
Дилўарларға толқын сырын түсинген.
Ҳәм қуяштың батарына ҳеш жерде,
Панасының жоқ екенлигин билген.
Тек ол қуяш болғаны ушын биракта,
Бәлент көкте тынбай жанып турғанын,
Сезе койса теңиз бенен узакта,
Күни-түни жалғыз гүрриң қурғанын.
Мазақ етер еди оны адамлар,
Өлгенинше қуяш артынан күлип.
Айтар еди хәм,—„сен теңизиңе бар,“
Деп оны күлки теңизге қуўып.

Кутә жақсы қобызшы ата,
Дала менен тиллескениң.
Усындай ет барлық ўақта,
Оның менен сөйлес өзин.
Ҳәм гез мениң о, кептерим,
Бәрҳа жасыл далаларды
Еситпесин тиринде ҳеш ким,
Сен толғаған намаларды.
Етпеси ушын сени қууғын,
Хошеметле барлық ўақта;
Халық жаўы панлар бүгин,
Бай емесин бийкарға ҳасла.
Ўай қызық аў Перебендя,
Әдети бар оның мудам.
Жырды шадлы баслап бәрҳа,
Қайғы менен етер тамам.

* * *

Бай дәўлетин көпсинбе,
Ышқы ҳүрметти мудамы.
Билмейди олар ҳеш бир де,
Пулға сатып алады.
Күдиретлиге етпе ҳәўес,
Ол ҳәммени езеди.
Баҳадырды көпсинбе ҳеш,
Оның өзи биледи,—
Өзин емес аламлар,
Исин сүйетуғынын.
Женислерин интизар,
Жандай көретуғынын.
Жас кеўиллер қосылса,
Мысал жәннеттей болар.
Дәслеп татыў, соң ала,
Қайғы ғәплетке толар.
Көпсинбе сен ҳеш кимге,
Оңлап қара әлемге.
Бейиш жоқ ол ҳеш жерде
Көкте яки төменде.

*(4-октябрь 1845*
*Миргород.)*

## СЫЙҚЫРЛАНҒАН ҚЫЗ

Кеӊ Днепр шуўлап ағар лепирип,
Қатты самал жапырақларды жулады.
Толқын шаўлап тик жарлыққа секирип,
Қызыл талды жерге бүгип турады.
Түнерген ай көкти гезип сол гезде,
Булыт аралап жүрер жалғыз адасып,
Мысал усап толқындағы кемеге,
Көринеди көз ушында уласып,
Аўылда ҳешким уйқысынан турмаған,
Шақырмаған еле таңғы қораз да.
Байыўлылар ҳаўаз қосып жаңлаған,
Еменлер тур сықырласып тоғайда.
Бул ўаклары дүт тоғайда,
Таў етегин қаплап жатқан.

Көринеди анда-санда,
Суў үстинде бир зат ыққан.
Перимекен өз анасын,
Излеп жүрген түн ишинде.
Қыз ба екен күткен бәлким,
Ушырасыўға жигитине.
Суў пери емес жоқ ол бир қыз,

Сыйқырланып ығып жүрген.
Ол билмейди ессиз-түссиз,
Не болғанын өзи менен,
Бирде мәстан кемпир көрип,
Зерикпеси ушын бәрҳа,
Сыйқырланып суўда жүзип,
Ышқысында болып тәнҳа,
Жат еллерде жүдә садық,
Күтсин деп ол сүйген ярын,
Тәсирлеўши дуўа таўып,
Сыйқырлаған қыздың жанын.
Келиўге ол ўәде еткен,
Ҳеш хабар жоқ оннан бирақ.
Келер деген үмит пенен,
Қыз бишара күтер узақ.
Жипек пенен онын ҳеш ким,
Қара көзин жаўа алмаған.
Яки оның ысық жүзин,
Қыз көз жасы жуўа алмаған.
Шоқып кеткен шығар оның,
Мөлдир көзин бәлким ғарға.
Жем болған-ды денеси оның,
Инсапсыз аш қасқырларға.
Бийкар күтер қыз сандалып,
Ҳеш айланып келмес досты.
Гүл ләбинен поса алып,
Енди оны сормас ҳеш ким.
Ҳәм ол сыйпап бурымларын,
Шаршыларын тартпас басқа.
Тартар онын қайғыларын,
Тек те енди турса-жатса.

Қыз ығбалы мине солай кешир о, алла,
Бахытсызлық бердиң оған өзиң не ушын.

Бердиң бе оған бул қайғыны яки болмаса,
Казак көзин шын берилип сүйгени ушын.
Енди ол қыз кимди сүйсин болса бир өзи
Ҳәм жасаса ата анасыз палапан яңлы.
Жибер оған бахытлылық—бир қара көзди
Болмаса журт күлки етер оны мудамы.
Айыплы ма еки кептер сүйсе бир-бирин,
Ҳәм биреўи жерге түссе қазан урып, лал.
Тири кептер сонда излер жойтып сүйгенин,
Оның қайда жатқанлығын таба алмай инкар.
Деген менен оған жеңил, себеп ол тири,
Ҳәм билиўге достың ҳалын ушар тәңирге.
Ал анаўсы достың ҳалын қалай биледи,
Оған саўлық хабар айтар кимлер қәбирде.
Ҳүрметлиси қайда оның жазық Дунайдан,
Ат суўғарып жолға раўан болады ма я.
Түн ишинде яки болып тоғайда мийман,
Буны умытып басқаға сөз салды ма я.
Егер билсе сүйгениниң тири екенин,
Қанат байлап барар еди сол жаққа таман.
Тири болса қосылысып екеўи бирге,
Өлген болса қалар еди қасында мудам.
Жүрек сүймес биреў менен ортақласыўды,
Көзи қыймас бөлисиўге бахтын-ығбалын.
Өмирде оған муң берилген бастан асыўлы,
Қайыл емес шегиўге ол турмыс муңларын,
Мине сондай, о тәңирим, аўыр ҳәмирин,
Сорлы қыздың ҳәм де солай ығбал тәғдири.

Үнсиз гезер түн ишинде сандалып,
Кең Днепр жым-жырт мүлгип мудамы.
Самал қатты демин алып толғанып,
Булытты тезден жер бетинен қуўады.
Жарқырап ай күлип тынық аспанда,

Салқын тоғайларды басар тынышлық.
Ҳәм Днепр жас ағашлар астында,
Әтирапқа қарап турар кулпырып.
Днепрден сүңгип шығып бул гезде,
Сүрен салар қыппа-тайлақ балалар.
Қуяш батты суўқағаттық бул жерде,
Жүр тоғайда жылынайык лалазар.
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Ҳәм де сорар балаларынан анасы,
Жүр кетемиз жәм болсаңыз ҳәммеңиз,
Болды ҳәзир нағыз аўқаттың ўақты,
Аўқаттан соң ойнап сейил етемиз.
Үҳ, үҳ,
Сабан қаўып түҳ, түҳ,
Анам шоқындырмады.
Сөйтип мени таслады.
Ой гөззал ай, толық ай,
Берман кел сен жақынлап.
Бизлер үңгирди қарап,
Таптық бир жас жигитти,
Қолы алтын жүзикли,
Өзи сулыў қара қас.
Жүзи гәўҳар аралас.
Жатыр екен үңгирде,
Емензарда ол бирде.
Ой гөззал ай, толық ай,
Нурыңды шаш бизлерге.
Биз тоғайды аралай.
Ойнай жақпыз ол жерде.
Жинлер ушып кеткенше,
Таң мәҳәли жеткенше,
Нурыңды шаш, жүрген ким?
Емензарда ол жерде!
Үҳ, үҳ,

Сабан қаўық тух, тух,
Анам шокындырмады,
Сөйтип мени таслады.
Күлиседи олар қатты,
Берер оған тоғай саза.
Оларды биреў қуўған яңлы,
Гүўлеп барар емензарға.
Бирден олар тоқтап сонда,
Өз көзине болар ҳайран.
Өрмелер жас шақаларға,
Бир мақлуқат сол бир заман.
Қыз еди ол сыйқырланып,
Суў үстинде тынбай жүзген.
Бирақ қандай қызық тарийх,
Бул жерге ол қалай келген.
Шығып алып шақаларға,
Алысқа ол нәзер таслар,
Солай турып азмаз ғана,
Тағы төмен түсе баслар.
Емензарда суў перилер,
Үнсиз оны турды күтип.
Оны көрип ҳәм сол гезде.
Жамалына ышқы кетип,
Сүйсинип қыз шырайына,
Ҳайран болып турды бираз.
Сүңгип кетти сөйтип суўға,
Шақырғанда таңғы қораз.
Емензардан пошша торғай,
Көтерилди дала бойлап,
Әтшок оны қоллап сондай,
Ҳаўаз қосып турды сайрап.
Шақаларда жыршы бүлбил,
Оның сазын қуўатлады.
Аспан дөнип боп қып-қызыл,

Қосық айтты дийхан жарлы.
Тоғай мүлгир бул ўақларда,
Бай-панлардың жолы болған.
Таңғы жипек боз думанда,
Көринеди катар корған.
Шытырласар жас шакалар,
Шадлы нама шалып сонда.
Ал, гөззал қыз еле уйқылар,
Емензарда—жол бойында.
Уйқылар ол ҳеш еситпес,
Сайрағыш қус ҳаўазларын.
Оған ҳеш зат дым кәр етпес,
Уйқыда ол курар бәзим.
Сол ўақлары Еманзарда,
Атын айдап келер казак.
Жортып келер аты зордан,
Сабылғаннан жолдан узақ.
„Шаршадың ба кәдирданым,
Енди келдик үйге жақын.
Сүйикли қыз баўырманым,
Қабыл алар есик ашып.
Ашкан шығар бирақ бәлким,
Маған емес басқаларға.
Тез желип ес қаназатым,
Жетейик тез сүйген ярға“.
Ат келеди зордан жортып,
Адымларын басып ол тек.
Жүреклерин парша етип,
Бир дәрт турар бәрҳа өртеп.
„Мине келдим таныс емен,
Неге бунда қыз уйқылар.
Өмири өтип қайғы менен,
Мүмкин ярын күткен болар“.
Ырғып түсти ол атынан,

„О жаратқан қәдир ийем!“
Деп өбеди қызды жатқан,
Бирақ қолдан келмес жәрдем.
„Айра етти усы бизди,
Айтшы адамлар неге, неге?“—
Деп боз-боран жылап өзи,
Басын урды көк еменге.

Келер қызлар қосық айтып, шарлап даланы,
Орақларын қолға алып ерте таң менен.
Өз баласын жаўға узаткан ана туўралы,
Қосық айтар урыс жөнин хош ҳаўаз бенен.
Барған сайын жақын қалар ол таныс емен,
Ат турыпты сылбыраған, оның астында.
Казак жатыр көк шөпликте түсип дүс-төмен,
Ҳәм қыз жатыр узынына оның қасында.
Шоқлық етип дәслепки ўақ қызлар оларды,
Қорқытпақшы болып еди қасына барып.
Өлгенлигин көрип оның кетип дималы,
Тым-тырақай қашты тек те басларын алып.

Жыйналысып жас қурдаслар,
Сүртер жасын сел етип.
Жыйналысып қазар дослар,
Еки қәбир дүзетип,
Крест алып поплар келди,
Барлық адам жыйылып.
Ҳүрмет пенен оларды енди,
Азалайды дуйым журт.
Жол бойында кең далаға,
Жерлеп көмди екеўин.
Бирақ ҳеш ким билмес ҳасла,
Неге өлген екенин.
Жигит қәбирине явор менен,

Екти шырша ағашты.
Қыз үстине сәни менен,
Тикти қызыл калинаны,
Атшок күндиз жырын төгип,
Жүрер бәрҳа ушып конып.
Түнге қарап сайрап онда,
Ҳәм де бүлбил егилер.
Суўдан тоңып шықпағанша,
Жылыныўға перилер.

*(Петербург 1837)*

* * *

Екшембиде қыдырмадым,
Жипекке пул ислеп таптым,
Кестеледим орамалым,
Нағыш ойып қосық айттым.

---

„Орамалым кестеленген,
Жийеклери нағыс гилең.
Сени арнап ярға тиктим,
Қатты сүйер ол жүзимнен,
Кестеленген жаным менин,
Гүл-гүл дөнген бағым мениң.
Мейли көрсин таңда адамлар,
Ядта барын бул орамал.
Кестелим мениң,
Гүлзар жүрегим.
Бурымымды мен өрермен,
Бахтым менен серўенлермен.
Тәғдирим мениң,
Бахыт бер өзиң
Қыз гүл ойып қосық айтты,
Қарап жайдың айнасынан.
Шықпас өгиз даўыслары,
Көринбейди жолдан қайтқан.
Биреўлердиң малын айдап,
Ол келеди Лиман жақтан,

Ҳәм өзиниң ярын ойлап,
Қосық айтар жолда шаққан.
„Бахытым менин бахытым,
Неге ығбалындай емессең,

Анаў қазақтын,
Ишип қыдырыўға.
Жетпей ме шамам,
Жолды билмеймен бе,
Яки сен таман.
Яки саўғам жоқ па,
Саған жиберген.
Сыйлықлайман онда,
Қара көз бенен,
Сағып алды байлар,
Бул жас күшимди,
Болса еди дилбар,
Сайран етиўге.
Ярымды да берген шығар,
Қашшан биреўге.
Үйрет мени ығбал,
Сайран етиўге".

---

Жапа шегип жылар ол сонда,
Изге қайтып киятқан жолда.

---

Ўай шаңқылдар үки қатты,
Қәбир үстинде даладағы,
Сел-сел ағып көзде жасы,
Бозлай берер ол мудамы.
„Афиў етиң сиз атаман,
Усы жерде иркилиўге.
Жолдаслардың мынаў жатқан,
Ҳаққына бир дуўа етиўге"

Шақыртты да ҳәм молланы,
Түрли дуўа етти оған.
Муңлы гезип саҳараны,
Тағы болды жолға раўан.
Аўыр жумыс салдары ма.
Жас қыранды еткен набыт.
Яки тик жар жантығы ма,
Аяғынан жыққан шалып.
Я адамлар оны Доннан,
Өгиз бенен келсин десип,
Қуў мазарға мынаў турған,
Шақырткан ба мийман етип.
Ойлап еди көрисиўди,
Ҳеш болмаса сүйгенине,
Ол болмады мине енди,
Батыл болған қәбирине.
Ҳүрмет етип қойды адамлар,
Бас ушына бир крести.
Таркасты ҳәм сол жерде олар,
Бағдар алып тумлы туслы.
Ал, далада, қәбиринде,
Мәрҳум болып жатыр казак.
Алып кеткен ол бәрин де.
Ўакыт өтти оннан узақ,
Ҳәзир қайда кестеленген,
Саўға ушын гүл орамал.
Бул күнлери қайда екен.
Оны тиккен ойшаң гөззал,
Қәбиринде самал есип,
Орамалын желбиретер.
Ал, қыз болса гөр ишинде,
Шашын жайып қайғы шегер.

*(18-октябрь 1844-жыл.)*

* * *

Көк тенизге суўлар ағар,
Аққаң менен ҳеш сарқылмас.
Казак излер бахтын инкар,
Бирақ оны таба алмас.
Ҳәм кетти ол жаҳан гезип,
Астан-кестен шаўлар теңиз.
Кеўли түрли ойға шүмип,
Қыз ойлады ҳәм сол бир гез.
„Қайда мениң қәдирданым,
Ғайыры елге жолды баслап,
Ата-анасын баўырманын,
Неге кетти мени таслап.
Жат еллердин үрпи басқа,
Қыйын оған баўырласыў,
Сағынғанда жылап базда,
Гүрриңлесип кеўилди ашыў",
Казак қапа өзге елде,
Толқынлайды теңиз қатты,
Бахыт излеп жүргенинде
Тек қайғысын ушыратты,
Қайтар көкте ал, тырналар,
Үйренискен узақ елге.
Казак бахтын таппай жылар.
Қайғы толып жүрегине.

(*Петербург 1838-*)

* * *

Ой қараймаn жолларға мен,
Саҳараларға, далаларға.
Тилегимди берер мүмкин,
Қартайғанда өзи алла.
Украинаға кетер едим,
Онда өзим туўған үйге.
Үйдегилер сонда менин,
Қуўанысар келгениме.
Ҳәм азы-кем дем алып мен,
Сыйынарем тәңириме.
Ерси оны ойлаў деген,
Оралыў жоқ туўған елге.
Қәпесликте ҳеш үмитсиз,
Биле алмадым жасаўды мен.
Егер билсең үйретиңиз,
Қалай шадлы жасаўды ең.

*(1848*
*Орск қорғаны.)*

* *
*

Ойларым сиз, ойларым сиз,
Жанға қымбат ҳәм қәдирдан.
Бундай аўыр жылларда сиз,
Таслай гөрмен мени мудам.
Ушып көгис қанат байлап,
Топарласқан кептер яңлы.
Днепрди еркин бойлап,
Гезиң шексиз далаларды.
Барып жетиң қырғызларға,
Аўылында бирге болын.
Аш болса да олар қанша,
Еркин тутар бәрҳә өзин.
Ушып келиң ойларым сиз,
Жаным менен кабыллайын,
Үнлерине үн косып мен,
Сизлер менен зар жылайын,

*(1847, Орск қорғаны.)*

* * *

Тентек самал, тентек самал,
Тениз бенен тиресесен,—
Оған мәнги былағай сал,
Оның менен сөйлес ҳәм сен.
Бир гезде ол сүйиклимди,
Тербеп еди толқынында.
Билмеймен мен ҳүрметлимди,
Алып кеткен енди қайда.
Егер оны етсе ғарық,
Былағай сал көк теңизге.
Өз қайғыма өзим жанып,
Жол алайын сүйгениме.
Ҳәм зарымды суўға атып,
Суў перите айланайын,
Оны излеп терен батып,
Теңиз түбин аралайын.
Излеп таўып ярды соннан,
Бас қояйын көкирегине.
Жеткер теңиз ярым таман,
Тентек самал ескен жерге.
Тунғуйықта жатқан болса,
Самал жаным сен билесең.

Қайда уйқылар, жасап қайда,
Айтшы егер өзиң көрсең.
Ол жыласа болып капа,
Гирян болып мен жылайман.
Қара каслым өлген болса,
Мен де өлип курығайман,
Сол ўакта жеткер жанымды,
Ярымның жатқан жерине.
Ҳәм де қызыл калина яңлы,
Тик мени оның үстине.
Қәбиринде болар жеңил,
Ол ғәрипке сонда ғана.
Тербелсе ҳәм болып ол гүл,
Өзи жаткан мазарында.
Ҳеш бир адам жүрмеси ушын,
Ҳүрметлимниң қәбиринен,
Шоқ гүл болып онын ушын,
Мазарында мен гүллермен.
Күн батарда қайғы шегип,
Таң атарда зар жыларман.
Күн шыққанда жасым кеўип,
Сезбей калар ҳеш бир адам.
Тентек самал, тентек самал,
Теңиз бенен тиресесең.—
Оған мәңги былағай сал,
Оның менен сөйлес ҳәм сен.

*(Петербург, 1838.)*

* * *

Самал желпип, жулқып ойнап,
Көк шалғынға сыбырлар;
Жекке қайық Дунай бойлап,
Толқын қуўып, зымырар.
Толқын атлап болар таса,
Серлей алмас ҳеш адам;
Ким серлесин? Ал ийеси,
Өткен қашшан дүньядан.
Жүзди қайық көк тенизде,
Айдын ғәззап шақырды...
Таўдай толқын еңтерилди,—
Жаңқасын да батырды.

---

Жолы қысқа тереӊ бетке,
Сапарындай қайықтың,
Жолы жақын ҳәсиретке,
Ғайра елде ғайыптың.
Оның менен толқын яңлы,
Ойнар ғамсыз адамлар;
Неликтен ол қайғы-ғамлы;—
Изин ала таңланар.
Сора кейин—ғайып қайда?—
Ҳеш ким оны көрмеген...

*1841, Петербург*

## ЕЛИКЛЕЎ

*(Эдуард Соваға)*[1]

Үйдиң қубла алдына
Естелик ушын ярыма
Ектим алмурт ҳәмде алма
Естелик ушын ярыма.

Қудай берсе—өсип кетер
Яр отырар саясында
Балалар жүрер дөгереклеп,
Шаўқымласып қасында.

Алмуртлардың пискенлерин
Алып келип балаларыма,
Сүйип-сүйип жүзлеринен
Услатаман қолларына.

Ярымның келип жанына
Сыбырлайман қулағына:

---

1. Шайыр қосықты поляк шайыры Эдуард Соваға арнайды. Шевченко оның менен сүргинде танысады ҳәм соң Петербургта да ушырасады.

Бул миййелерди еккенмен
Өзимниң үйленген күним,
Бахытлыман мен!..
Сүйкимлимен де?
Жасаған соң, усылай жасасам деймен.

*19-ноябрь. 1859*
*Петербург*

* * *

Не ислеў керек маған,
Неден баслаў керек маған,
Өзим ҳайранман
Ким жуўап береди буған?
Өз талайын адамлар
Орынсыз лағнетлер биикар.
Бирақ қалай жасаў керек
Дүньяда
Буғаўда ма, яки узақ
қыяда?
Егер буғаўларды үзиў
Бул күшке келсе еди—
Ҳәм ол маған берилсе еди
Темирши таплап
суўғарғандай емес,
Темирди шынықтырып,
атырғандай емес;
Туўырымлап таслар едим бирден,
Қуўар едик бизлер қайғыны
Тутқынлар ҳәм жетимлер басынан
Уралдың шексиз даласынан.

*1847*
*Орск. крепосты*

## ҚАРЫНДАСЫМА[1]

Аш-әптада аўыллардан кетип,
Жазық далалар, тоғайлардан өтип,
Ойланаман:
„мен неге геземен?
Алдымда тур екен нелер күтип?...“
Ҳәм де түсиме енер:—карайман—
Көремен бағды, бәҳәрдегидей;
Лалазар, түрли гүллер ашылған,
Турған үйлерди де таўлар басынан,
Узатылар қыздай бәри доланған...
Ал казактың көк түсли Днепри,
Үстинде күн куяшы мәңги жанған.
Қарайман—бул бағқа жасыл дөнген,
Қуяштың ып-ыссы ләбин емген,
Бағдың сол ҳеш адам жоқ қасында,
Бейиштиң бир бөлегинде отырғандай
Мениң қарындасым—қәдирлим отыр,

[1] Бул қосық шайырдың кишкене қарындасы Яринаға арналған. Шевченко Яринаны ҳәм оның аянышлы турмысын жүрегине жақын көретуғын еди. Шевченко 1859-жылы Украинаға келген ўақтында қамаққа алынады ҳәм ўақытша Черкассы тюрьмасына жибериледи. Қосық сол ўақытта жазылған еди.

Көп қапа шеккен—сабырлым отыр.
Көзлерин ол Днепрден үзбейди,
Мен ғәрибин күтип жаны төжбейди,
Және көзлерине елеслеп турар:
Мениң қайығымды толқынлар қуўар,
Батқанымды көрип түпсиз тереңге,
„Ағажан, ағажан! Мениң саўлатым сен"
Деп, бийрат болып аҳ урар.
— Екеўимиз де ояндық бизлер уйқыдан,
Сен ериксиз болсан,—мен де тутқынман.
Қарғшадай басымыздан гириптар болдық
Жүрмекликке тикенли қуў дүзде.
Сыйын қарындасым. Егер жасар болсан,
Қудай жәрдем берсин бизге.

*1859*
*Черкассы*

* * *

Неге керек маған қара қаслар
Және қой көзлер де,
Неге керек жаслық
Қыз көрки
Сулыў жүзлер де—
Қысқасы олар жоқ мен де.
Қуры босқа кетпекте өтип
Жаслығым, жасларым мениң,
Самал тийип оңды реңи кетип
Қап-қара қойыў қасларым мениң.
Тынбай тыпыршылап ғажыды жүрек,
Қустай болып қәпесте қалған...
Бундай мениң сулыўлығым неге керек
Бахытсызлық талайыма дус болған?
Жүдә болып туўысқаннан-туўғаннан
Жетимликте жасаў оғада аўыр.
Пайдасы жоқ туўысқаның болғаннан,
Сөйлесип шықпайды ишиңнен ҳәўир.
Не ушын көзлерим жаслы
Сорайтуғын ҳеш ким жоқ.
Жүрегимниң қәлеўин
Тыңлайтуғын ҳеш ким жоқ,

Зорға соғып турса да
Кептердей болып сайраўын,
Анлайтуғын ҳеш ким жоқ,
Еситпейди, билмейди де,
Еситейин деп қызығып,
Қарайтуғын ҳеш ким жоқ.
Ҳеш нәрсе ҳаққында сорамайды адамлар,
Аўа, билип не қылсын олар,
Жетимлер мейли жылай берсин
Жыллар босқа зуўлай берсин...
Ашын жүрек, бозлап жыла көзлерим,
Ҳәзир саған жарық түсип турғанда,
Қатты жыла, сен налынып бул манда,
Себеби самаллар еситсин бәрин
Ҳәм де алып кетсе екен бирге
Көк теңизге
Сел сел болған көз жасларымды
Аўыр қайғыда қалып
Опа бермеген сулыўлықларымды.

*1838*
*Петербург*

* * *

Бай екен деп қызыкпа оған
Боларман деп кәдирдан
Муҳаббат не, ҳүрмет не—
Билмейди ол адам,
Дейди байлыкқа исенип:
Барлығын сатып аламан.
Сүйеў көрме кудиретлини
Ол езеди ҳәммени,
Орынланса болғаны
Тек өзиниң дегени.
Ҳәм қызыкпа даңқлы деп,
Ол даңқлы ойламас халқын.
Ал, халқы сыйламас өзин
Илажсыз ҳүрметлер даңқын.
Оны ол жақсы биледи,
Бул даңқ көз жаслардан демек
Оған даңқ, адамларға ермек.
Ер жетер жаслар
Түсинер толық
Жәннетдегидей, бир-бири,
Ҳүрмет, иззетте болып,
Тереңнен шешилер бәри—

Бастан қалай кетери
Қаплаған қайғы кәҳәри...
Ҳеш кимге кеўил койма сен,
Дүньяға көз тик, аңла сен
Жерде бейиш көрмейсең
Ҳәм аспанда жоқ исен!

*1845*
*Миргород*

## ЛИЛЕЯ[1]

—Өскенимди әзелде
Адамлар неге жеккөрди?
Шағыма жетпей өлтирип,
Төтелеп әжел жеткерди?
Ал енди аңсап қайтадан,
Өсиреди әлпешлеп.
Хошеметлеп жүреди,
Барлық гүлге патша деп,
Неге енди көркимнен
Көз алмай таң қалады?
Жүреди мудам ҳүрметлеп?
Патша гүли, жуўап бер,
Не ушын булай болады?
О, қарындас, билмедим,—
Деп патша гүли бас ийди,
Ҳәм аяды сиңлисин.
Алқызыл бир түрге енип,
Лилеяның шекесине,
Жабыса түсти ол келип.
Лилея шықтай жас төкти,
Ҳәм жылап турып бүй депти:

---

[1] *Лилея*—ақ, сары, қызыл ireңли гүл, ақ ireңлиси суўда да өседи.

Айтшы аға бизлерди
Не қылды тәғдир? Налынып
Жүремиз бе ушайы?
Сүйгеним менен қоспады,
Айтпадым, енди айтайын,
Айыт деп жүрек қыстады,
Көрген азапларымды,
Қәдирдан анам! Ол неге
Қамыға түсти, налыды,
Қарады маған тигиле?
Сөйтип ол ауыр қамықты,
Жылады бирден еңиреп,
Эй, сүйикли жан аға
Ким оған қайғы жеткерген!
Бала едим онда мен,
Тек ойнап кеуил көтердим.
Ал, анам солды кем-кемнен,
Нәлетлеп панның дәртлерин.
Анам өлди. Ал мени
Тәрбиялады пан алып.
Жетилдим өсип, бой жеттим,
Сарайларда жасанып,
Оның өз қызы екенимди,
Билмедим онда биракта.
Мени таслап бир күни
Кетти өзи жыраққа.
Нәлетлеп оны адамлар,
Сарайларын өртеди.
Билмедим мени не ушын,
Өлтирмей рәҳим етеди?
Тек ғана сүмбил шашымды,
Дужырып қырқып таслады.
Ләтте жауып басыма,
Кекетип күле баслады.

Нийети бузык ҳарамлар,
Түкирди мениң бетиме,
Әне солай, туўысқаным,
Көп шыдадым ақыретке.
Жас болсам да гүнамды,
Кеширмеди. Мен өлдим
Қыста түбир астында,
Бәҳәрде дөнде гүллледим.
Акша қардай ағарып!
Кеўилимди тоғай көтерди.
Адамлар сирә мени алып,
Апармады үйлерге
Сөйтсе де олар бәҳәрде,
Қызығып маған карады,
Безедим ал мен ҳәр жерде,
Жас өспирим қызларды.
Оларға кар иренли,
Лилея болып атандым.
Тоғайда, жыллы жайлаўда
Жайқалдым көркем залларда,
Патша гүли жан аға,
Айтшы қәне сен маған.
Маған неге қудайым
Өмир берди қайтадан?
Яки туўған өз анамды
Ҳәм өзимди өлтирген
Адамлардың кеўилин
Көгеремен бе енди мен?
О жаратқан, жаратқан!
—Деп Лилея жылады
Оны аяп патша гүл,
Ал кызыл бир түрге енип,
Лилеяның шекесине
Жабыса түсти ол келип.

## КАТЕРИНА

*Василий Андреезич Жуковскийге естелик ушын 22-апрель 1832-жыл*

1.

Сүйе көрмен, қара көзлер
Москальларды, сүймең ҳасла[1].
Москаль деген жат адам ол,
Әўерелеп кетер таслап.
Күйип-жанып сүйген болар,
Аз ғана күн ермек етер.
Кеўлиндеги питкеннен соң,
Ҳайт қояр-да, өтә кетер.
Өзи менен өзи кетсе,
Бир сәри ғой, қызлар, онда.
Қызды бахтықара етсе,
Өртер туўған анасын да.

---

[1] *Москаль*—Малороссияны (Украинаны) колонияластырыў жолында жүрген Россия патшасының әскерлерин украинлар солай атаған.

Заўалы жоқ өртениўге
Арзыр болса егер ышкың.
„Әттегене-ай“ демес еди-аў
Онда саған налып ҳеш ким.
Сүйе көрмең, қара көзлер
Москальларды, сүймең ҳасла.
Иси питер, ермек етер,
Әўерелеп кетер таслап....

Тыңламады ата-анасын,
Қыз кетти өз билдигине,
Бир москальға қосып басын,
Жас жигитти сүйди, мине.
Тыным таппай жүрди байғус
Күнде бағқа бармағанша.
Қыз дәўраны қараң қалып,
Гүлдей болып солмағанша.
Кеште анасы шақырса,
Тыңламады қыз шешесин.
Жигит қайда алып барса,
Сонда қонды ҳәр кешеси.
Аймалады қара көзди,
Сүйгизди ҳәм сүйди сонша.
Сүйгизди ол ел ишинде
Жаман аты жайылғанша.
Ел аўзына қақпақ болмас,
Пысқырып-та қарамас қыз.
Бул жүристиң аяныш лы
Ақыбетин анламас қыз.
Бир күни келди суўық хабар,
Урыс дабылы қағылды-да,
Москаль кетти. Катя қалды
Жаман атқа тағылды-да.
Журт күлкисин сезбеди ол,
Қулақ аспай сөзге ҳаслан.

Көз жасларын гизнеди ол,
Ләззет алып сағынышқан.
Ақыры яр ант ишти ғой:
Аман болсам келемен деп;
Катруся жан, күт мени сен,
Келип сени аламан деп.
Москаль менен кеўил қоссаң,
Кеўлиңде ҳеш дәртиң қалмас!
Айтса айтсын журт ҳәзирше,
Журт былшылы ада болмас.
Деп жубанып, көз жасларын
Алма беттен сыпырды қыз.
Ал көшеде қурдаслары
Сайран етип жүр Катясыз.
Аўыр ойды серпип гейде,
Ақшам қолға шелек алып,
Жүрип таса-таса менен,
Суў алар қудыққа барып.
Ҳәм шелегин қойып жерге,
Калина астына барар*.
Айтар „Грица" қосығын
Ҳәм изинен өксип жылар.
Калинаның шыбығы-да
Солқылдар қыз жылағанда.
Сөйтип, дебдиўин шығарып,
Қайтар көринбей адамға.
Соннан бираз ўаққа дейин
Бойы жеңиллеп жүреди.
Жаңа орайпек жамылып,
Қыз әйнекке телмиреди.
Күтер зарығып Катерина,

---

* *Калина*—ағаштың аты.

Ўақыт шабар мисли қуйын.
Неге аяғы аўырлап,
Зил басады талма бойын?
Қыйынласып дем алысы,
Жатып турды... Келип, келип,
Бир күнлери пеш артында
Турды бесик тербетилип...
Ашшы тилли абысынлар
Қыз анасын шағып, тырнар:
„Әйтеўирде сизикине
Үйир еди-аў жас москальлар...
Ардақлаған арыў қызың
Абырай әперди-аў! Аҳ-аҳ!
Саяқ солдаттың баласын
Оң жағында отыр шайқап.
Жүзи қараң елди бузып,
Нийетине жетти-аў қызың.
Саллақыңа женге болып,
Үйреткен шығарсаң өзиң...“

Ҳәммениң-де қызы бар ғой,
Алдында не барын билсин.
Не шара бар? Күлген күлер,
Күлгенниң алдына келсин!

Сорғайнаған Катерина,
Не бәлеге тап болдың сен!
Енди кәйтип күниң кешер
Тири жетим бала менен?
Ким баланды еркелетип,
Ким баспана болар саған?
Ата-анан-да есиркемес,
Ҳәзир олар жаттан жаман.

Жатып-турып Катарина,
Бели бекип кетти узамай.
Айна алдында улы менен
Отырар ҳәм күтер тынбай.
Күтер зарығып, бирақ яр жоқ...
Мүмкин, бәдер кеткен шығар?
Бағқа барып жыласам дейди,
Бирақ онда адамлар бар.
Кеш түскенде Катерина
Түн жамылып барар бағқа
Баўырына қысып улын,
Бирим-бирим алар ядға:
„Мына жерде жолықтық-аў...
Аҳ, сол қайран қызық шағым!
Ал анаў жер... Жаным, балам!...“
Айта алмас қыз аржағын.

Жапырақлады ҳәм гүллеци
Карели, нәк, шие ағашы.
Жым-жырт бағда Катерина
Жүрди жалғыз қайғы басып.
Яр қасында жүрген күнлер
Рәҳәтли еди аў қандай!
Ал енди-ше? Бәри өшкен,
Бәри әдира қалғандай.
Қосық қайда, шадлық қайда,
Тил-зибансыз кеўил қусы.
Жети жүйресинен өтер
Қоңсылардың ызынлысы.
Жазғырыўлар, кекетиўлер,
Қатынлардың табалаўы.
„Қара қаслы ғошшақ жигит.
Қайдасаң, сүйенер таўым?“

Қара қаслы ғошшақ жигит
Әттең ғана узақта жүр.
Насақ сөзге қалған ярдың
Қыйын ҳалын билмес ҳәзир.
Я Дунайдың аржағында
Яр сүйеги калды-ма екен?
Я Мәскеўге қайтып барып,
Басқа ҳаял алды-ма екен?
Жок, Дунайдың аржағында
Москаль жигит өлген-це жоқ.
Катрусядай арыў қызды
Ол ҳеш жерде көрген-де жок.
Мейли, барсын Мәскеў жаққа,
Аржағына көк теңиздиң,
Катерина гөззаллыкта
Койын бакпас ҳеш бир қыздың.
Қарахат көз, қасы кара,
Талшыбықтай сыланлаған.
Текте қызды туўған ана,
Қыз ығбалын туўа алмаған.
Ығбалсыз жан-панасыз гүл,
Қула дүзде курып кетер.
Даўыл шайқап, жапырып сел,
Ким көринген жулып кетер,
Жыла, сорлы Катеринам,
Сенин күткен москальларың
Әлле қашан баска жолдан
Өз елине қайтты бәри.

II.

Қайран әке қабақ үйип,
Жер шуқланып ойланады.
„Журтқа карар бетим жоқ“ деп,

Басын услап қыйналады.
Қапталында кемпири-де
Зарланып бас ырғатады.
Көз жасларын жутып гейде,
Куйинип ол тил қатады:
„Баяғы айтқан тойың қайда?
Неге жалғыз жүрсен, қызым?
Мақтап жүрген байың қайда?
Саўшылар қаяқта бизин?...
Мәскеў жаққа кеткен дейди,
Сен-де енди изинен кет,
Бизди тилге алмай-ақ қой,
„Ата-анам бар еди“ деп.
Туўмай туўа шөккир қызым,
Сәтсиз күни туўыппан мен.
Бундай боларың билгенде,
Қараңды мен батырарем...
Қызым, қызым, сорлы қызым!
Тилеп алған күним един,
Алақанда аймалап-ақ
Әлпешлеген гүлим един.
Қызым, қызым, ҳа жулдызым,
Сен не ислеп қойдын, қызым?
Не илаж бар?... Қайненеңниң
Үйин изле, кет, қызым, кет!
Өз шешеңди тыңламадын,
Соны тыңла, хызметин ет,
Изле енди өз ененди,
Сол үйде қал биротала.
Ығбалынды ашсын, қызым,
Қайтып келме сен булманға.
Өз үйиме қайтаман деп,
Жол излеме узақ жерден...

Текте енди мен байғусты
Кимлер ғана кәмер екен?
Аҳ, перзентим, жаным қызым,
Сенсиз мени ким есиркер?
Өлгенимде кимлер жоқлап,
Ким „хош, анам, аяўлым!“ дер?
Бас ушыма шыбық шаншып,
Ким калина егер екен?
„Кеш байғустың гүнасын“ деп,
Ким көз жасын төгер екен?
Қызым, қызым, жигербентим,
Бағымдағы гүлим един!
Не илаж бар?... Түргел, кәне!
Алдыңды алла ашсын сениң!“...
Деп қызына сапар тилеп,
Шоқынды-да сорлы кемпир,
Қулап түсти есеңкиреп,
Аяқ қолы етип „дир-дир“...
„Ал, кет енди! Неге турсаң?..
Деп буйырды қыз әкеси.
Катерина әке аяғын
Қушақлады, кетип еси:
„—Ой, атажан, кешир мени!
Жазықлыман алдыңызда.
Рәҳим ет өз перзентиңе,
Бахтықара қызыңызға!“
—„Жазығыңды кешсин кудай,
Рәҳим етсин басқа адамлар.
Босат үйди, түс жолыңа,
Әкеңе көп берме ҳазар!“...

Сүйретилип турды-да қыз,
Шығып, шарбақ бетке келди.

Қыйсық хата-гөне тамда*
Кемпир-ғарры қала берди.
Шие өскен тар шарбакта
Шоқынды қыз мәдет тилеп.
Ҳәм бир қысым топырақты
Алды жерден „жолдас бол“ деп.
„Бул кеткеннен келмеспен мен,
Жат топырақта қалар басым.
Сонда мениң денем менен
Бирге жатсын бул жолдасым.
Ең болмаса туўған жердиң
Бир қосыўыс топырағы
Буйырар болсын өлип кетсем.
Ашылмаған қыздың бағын
Адамларға баян етсин...
Жоқ, айтпасын... кереги жоқ.
Қайда сүйегим қалса-да,
Бул дүньяда жаман атым,
Қалмасын ел арасында.
Топырақ айтпас... Балам айтар,
Умытпас ол өз анасын.
Кәбириме келип жылар,
„Анажан“ дер төгер жасын.
Қайда барып паналарман,
Қудайым-аў, енди ғана?
Маған пана болар-ма екен,
Бата ғойсам терең суўға?
„Кеш гүнасын анамның“ деп,
Соранарсаң адамлардан,
Аҳ, әкесиз нәрестем!...—деп,
Жылар байғус Катеринам.

---

* *хата*—ҳәўли (украинша).

Қымтап баста орайпегин,
Солығын қыз басып зорға,
Баўырына қысып улын,
Катруся шықты жолға.
Қайран үйин көзи қыймай,
Жалтақлады мойын бурып.
Ҳәм буўлығып көз жасына,
Шоқынды иркилип турып.
Турды шаңлы жол бойында
Өскен жалғыз терек қусап.
Түнги шықтай мөлт-мөлт етип,
Көзлеринен жас сорғалап.
Жасқа толған қара көзлер
Көрмес ҳәммесин-ҳәммесин.
Тек баўырына басып сүйер
Қолындағы нәрестесин.
Ал нәресте нени билсин?
Не ғамы бар? Анламайды.
Излер қармап ақ мәммесин,
Әлле не деп былдырлайды.
Емен тоғай аржағына
Қуяш батып, ымыртласты.
Қыз бурылып түсти жолға,
Өз үйинен узакласты...
Ел иши қарқ болып қалды,
Ләззет алып сыпсың сөзден.
Тек-те қыздың ата-анасы
Енди тыныш бул гәплерден....
Әне, адамлар бул дүньяда
Бири-бирин сөйтип „сыйлар“.
Бирин байлап, бирин сойып,
Биреў өзин өзи қыйнар.
Биреўлер мийрими түспес,
Екиншилер азап шексе.

Неге булай екенлигин
Бир жараткан билер текте.
Қарап турсаң, дүнья кеңдей,
Бирақта сол кең дүньядан
Паналарға тесик таппас,
Ғәрипликке түскен адам.
Дүнья ширкин биреўлерге
Кең сарайдай, сүйер, ийер.
Биреўлерге кең дүньядан
Тек бир табан—ләҳәт тийер.
Аҳ, кайда сол биз аңсаған
Қайыр-сақаўатлы жанлар?
Бәри-бәри қараң қалған,
Жоқ енди ондай адамлар!

Бахыт бар деседи,
Ким оны билипти?
Азатлық бар дейди,
Бар болса ол ҳәзир
Қаякта жүрипти?
Адамлар бар бираз,
Алтынға бөленген.
Бахыттың, ығбалдың
Мәнисин билмей-ақ,
Баймыз деп ширенген.

Бахыты жоқ, ерки жоқ,
Кийимине буўсанар.
„Аяң—дер-ғәрипти",
Жылаўға арсынар.
Алтының—артыңа,
Байый ғой өзиң-ақ!
Көз жасты маған бер,
Кетсең-де безип-ақ.

Бахытсызлық дегенди
Көлдей көз жасыма
Батырып таслайын.
Ериксизлик дегенди
Жалаң аяғым менен
Тепкилеп басайын.

Жүрегим еркин соқса,
Қайғысыз жүремен.
Өзимди бай сезип,
Тек сонда күлемен.

III

Жулдыз жайнар, тоғай уйықлар,
Баюлы қус шақырар.
Саксақ тышқан жолды кесип,
Өзин шөпликке урар.
Дәўлетлилер дем алмақта,
Бенделерге түн-ортақ.
Кимин бахыт, кимин азап
Шаршатқан ғой күн узақ.
Қаранғы түн қымтап бәрин,
Анасындай тербетер...
Ал, қайда жүр Катя жаным,
Қәйтип күнлери өтер?

Қайдан ол баспана таўып,
Қайда түнеп жатыр екен?
Қайсы гүдшектиң ығында
Улын емизип отыр екен.
Я адасып дүт тоғайда,
Қасқырға дус келип-бе екен?
Қорқып байғус қарағайдың

Тасасында турыппа екен?
Әжеп емес бунын бәри,
Ҳәр қәдеми—курыўлы аў.
Қара көзлим, бул дүньяға
Келмегенин жаксы еди-аў!
Ендиликте не болмақшы?
Болар азап, қайғы-ғамлар.
Күтер оны қарлы боран,
Еспе кумлар, жат адамлар...
Ал егер ол тапса ярын,
Күлип қарсы алар-ма екен?
Сүйер-ме екен улын алып,
Я жүзин терис бурар-ма екен?
„Өйтип бәле көринип-пе!
Қарсы алар-аў сүйген ярым.
Сөйтсе умыт болар еди-аў
Шеккен азап, қорлықларым!“

Ким билипти не боларын,
Көрермиз-дә болған ўақта...
Оннан қайта Москванын
Жолын излеп табайық-та.
Айҳай, сол бир узақ жоллар!
Бес саўсақтай маған аян.
Еслериме түссе олар,
Қыслығады жүрекғанам.
Мен адымлап өлшегенмен
Ол жолларды бастан аяқ.
Таўысқанман жүрип бәрин
(Өмир таўсылмағай, бирақ!...)
Ол жолларда көргенимди
Айтсам ертек болар еди.
„Ўәй, өтирик, қойсаңә!—“ деп,
Журт кустаны қылар еди.

Шынында-да сизики дурыс,
Ҳәй, адамлар, „мийрибанлар“!
Менин дәртим, ырасында,
Сизлер ушын неге дәркар?
Ҳәр геллениң өз ғаўғасы,
Ҳәр кимниң өз қайғысы бар.
Оннан қайта, мә, темеки!
Шек, бурқырап ишке урсын.
Ашшы түтин дәртлериңди
Жеңиллетсин, туншықтырсын.
Шеккен ҳәсирет, қайғы-ғамды
Сизлерге айтып бергенше,
Қорқынышлы азапларды
Түсиңизге ендиргенше,—
Қараң қалсын ол бир дәртлер!—
Қой, мен жөниме жүрейин.
Катеринамның көргенлерин
Сизге баянлап берейин!

Днепрдиң аржағында,
Киев жолында бүгин
Кетип баратыр чумаклар,*
Айтып „Пугач“ қосығын.
Олардың алдынан шықты
Бир әбигер байғус нашар.
Ибадаттан киятыр-ма?..
Бир ҳәсиретли жанға усар...
Шобыт шандып аяғына.
Ҳәм ийнинде бос дорбасы.
Шеп колында таяғы бар,
Оң қолда уйықлар баласы.

---

* *чумаклар*—саўда ислеўши дийханлар.

Баласының бетин бүркеп,
Чумакларға келди нашар.
„Москваның жолын силтеп
Жибериңши ҳай, яранлар!“
—„Москваның ба... Жолы мынаў...
Барар жериң алыс па?—“ дер.
—„Москваға ғой. . Қудай ушын
Қайыр етиң байғусқа!—дер.
Қандай аўыр қайыр сораў!
Басқа түссе көрер киси!
Ол ҳәргиз тиленбес еди-аў,
Аш болмаса нәрестеси!
Кете берди жылай-жылай,
Түскен тийин-тебенине
Улы Ивась жалмағандай
Нан-пан сатып алды және.
Жол-жөнекей барар жерин
Сорастырып жүреди ол.
Гәҳи шарбақ, гәҳи дүзде
Улы менен түнеди ол.

Әне, қызлар, Катя өзи
Сондай ҳалда жүр бул күнде.
Қол жетпеген қара көзи
Жарап жүр тек жас төгиўге.
Катрусядай қула дүзге
Үйиңнен қуўылмаў ушын,
Москальларды өзиң излеп,
Тири масқара болмаў ушын;
Соңыра журтқа гийне етип,
Жөнсиз азап шекпеў ушын,
„Қондырмайды үйине“ деп,
Адамларды сөкпеў ушын,—
Бул ҳәдийслер—сабақ сизге,

Тоба етин, қарындаслар!
Ерик бермең көзинизге,
Алдана көрмеңлер ҳасла!

Адамлар сол нени анлар?
Гийне етип жазғырманлар.
Қудай кимди қарғап турса,
Адамлар-да соны қорлар...
Адамлар-да тал шыбыктай
Солқылдақ ғой, жок турағы:
Самал қалай қарап ессе.
Солай ийилер олардағы.
Күн сәўлеси ҳәммеге тең,
Ғәрипти-де умытпайды.
Бирақ, жақтыртқаны менен,
Гәриплерди жылытпайды.
Жылытпаса-да жакты күнниң
Аспанында бары жақсы.
Не бир жаўыз адамлар бар,
Өнешинен өтсе олар,
Күнди-де жалмап жутпакшы.
Қолдан келсе, ғәриплердиң
Көз жасларын кептириўши
Сол күнди-де қурытпакшы.
Не жаздык биз, пәрўардигар!
Соншелли гүнамыз бар-ма?
Ғәриплердиң көз жасы-ма,
Не керек сол адамларға?
Қой, жылама, Катерина,
Сабыр ет, есинди жыйна!
Көз жасынды көл қылып сен,
Адамларға сыр алдырма.
Қара қасын, гүл жүзлериң
Қуўрап, кеўип солар болса,

Тоғайға кир, таң атқанша
Жуў уқшатып көз жасыңа.
Әне, сонда ҳеш ким көрмес,
Ҳеш ким күлмес сөйтсең егер.
Дебдиў шығып, кеўлиң сергип,
Соннан бойың жеңиллесер.

Көрдиңиз бе? Бәлекада
Бассаң, аяқ астында бар.
Ойнап, ойнап, ақырында
Қызды таслап кетти москаль.
Болды қалды бахты қара,
Енди оны ким есиркер?
Ал, адамлар көре тура
Көрмегенсир ҳәм-де күлер.
„Эй, гөр болсын, өз абырайын
Сақламаған қыз не керек!"
Дер адамлар ашыў гизнеп.
Сақ болың сондайдан, қызлар!
Ертенги күн ермек болып,
Москальларды жүрмең излеп!

Катрусям жүр қай жерде?
Дийўалларды ықлап түнер.
Жолға түсер таң сәҳәрде,
Москваға тез жетсем дер.
Қыс басланып кетти, бирақ,
Жолларды қар көмди борап.
Жалбырады жыртық ултан,
Бар кийимге баланы орап,
Қалшылдады Катеринам.
Бир мәҳәли биреўлердиң
Қарасын қыз көзи шалды.
„Өйбей, москальлар болғай-дә!"

Деп жүрек дир ете қалды.
Ушып барды қыз оларға:
„Ҳай, жигитлер, тоқтаңыз-да!
Иван деген кара қаслы
Жигит жоқ-па араңызда?“
„Жоқ, билмедик!“ деди олар
Ҳәм изинен ермек қылар:
„Қатынбысаң деген ә!“ деп.
Пай, бизиң ғощақ москальлар
Ҳаял қыздың қырғыйы аў!“—деп.
—„Аҳ, усы бир адамлар-да!...
Қой, жылама, тыныш, балам!
Көрермиз дә не жазғанын,
Жүр кетейик алға таман.
Мүмкин, әкеңди табармыз,
Тапсыраман сени оған.
Ал оннан соң өзим ушын
Ашық гөр таўып аларман...“
Қарсы алдынан боран улып,
Қар тозаңын суўырады.
Кирпигине қыраў турып,
Катерина жуўырады,
Әллен ўақта тынды боран,
Күн қәҳәри сынды азлап.
Сарқылмағанда көз жасы,
Жылар еди-аў байғус азнап.
Баласының бетин ашып
Үңилер гейде. Бала пақыр
Шық түскен гүл жапырағындай,
Көз жасына шомылып жатыр.
Муңлы мыйық тартып Катя,
Елжиреп қарады оған.
Жүрегиниң нақ түбинде
Былғаң еткен яңлы жылан,

Бир нәрсе қозғалып кетти.
Апалақлады. Анадайдан
Қараўытқан тоғай бетте
Бир хата тур. — „Усы жайға,
Жүр, барып көрейик, балам!
Паналатса, паналайық.
Кеш түсти ғой, тоңдық жаман.
Егер ишке киргизбесе,
Босағасын дасганармыз.
Қәдимгише там ығында
Өлмесек түнеп шығармыз...
Ал егерде мен болмасам,
Түнер един сен қай жерде?
Жайын—кетек, төсек-сабан,
Түнерсен ийт пенен бирге.
Қабаўық ийт тислер сени,
Намысына тиймес, бирақ.
Адамлардай арға тийип,
Ийт үстиннен күлмес, бирақ,...
Сорлы басым, қайда ғана
Күнелтермен мен паналап?

Дүньяда ҳәтте ийттиң-де
Ийеси ҳәм бахыты болар.
Жетимди-де адамлардың
Бастан сыйпар ўақты болар
Урар, сөгер, бирак онын
Анасына тил тийгизбес.
Ал мениң сорлы улымды
Ҳеш ким аяп есиркемес.
Топырақ шашар ҳәм кесеклер,
Басқа аўылдың ийтиндей-ақ.
Көзлерине шукып күлер,
Рәҳим етпес, сүймес аяп.

Көше-күйде ийтлер шуўлап,
Шабаланып кимге үрер?
Жети түнде қайсы бала,
Қуў шаңлақта жылап жүрер?
Қайсы бала жетеклейди
Соқыр ғарры дийўананы?
Тәғдир солай мазақ етер
Сорлы тасланды баланы...
Каракат көз, қара қасы
Оның жалғыз артықмашы.
Оны-да тырнамай коймас,
Ол-да журттың әжўасы...
Төбе, дүзде, ой ҳәм кырда,
Усап ақ бас ғаррыларға,
Көп жасаған еменлер тур,
Соқыр куйын соғар жарға,
Жар жағасы, тарнаў қасы
Шығыр таллар қатар-қатар,
Муз курсанып, қар жамылып,
Ортада бир ҳәўиз жатар.
Бир жеринде муз ойығы,
Үлкен үки—суўат онда.
Булт артынан жабырқап күн,
Сығалайды анда-санда.
Аппақ қуйын уйытқып ойнап,
Көрсетпейди ҳеш нәрсени.
Еситилер тек тоғайдың
Гүрсингени, үҳлегени.
Дүбелей улыр, ысқырар,
Жер сабалар өкирип.
Ақ теңизде ақ толқын
Аққан яңлы лепирип.
Шықты бажбан үйинен
Аралаўға тоғайын.

Қайтты, бирақ, кейнине,
Көрип күнниң ырайын.
„Бай-бой, бул не бәлемат?
Ўсы-дә боран деген!
Тоғайға барыў қайда!
Ненин дауысы бул келген?...
Адамлар ғой бул боса!
Көпшилик ғой шамасы!
Не сүргинге түсип жүр,
Москальлар-ма ямаса?“
—„Ҳаў, москальлар дейсиз-бе?
Жаным-аў, қайда олар?“
— „Әне, туў анаў жерде!“
Дизесине енип димар,
Катерина қыз жылдам
Шықты атылып жайдан.
Таң атқанша москалин
Сандырақлап шақырып,
Москаль алған ғой сирә,
Байғус қыздың ақылын...
Үргин қарды омбалап,
Сүрнигип түбирлерге,
Қырқылып жалаң аяқ,
Ысқылап тоңған жерде,
Катерина жуўырды,
Кирпиклерин муз қарпып.
Барар атлы москальлар,
Бир адамдай сап тартып.
Москальларға бас болып
Баратырған сол ғой, сол!
„Аҳ, қәдирдан, қостарым,
Жаным Ваня!“—деди ол.
„Батырдың ғой қаранды,
Ўа, сүйген яр, бармысаң?“

Деп зәңгиге оралды.
Бирақ ғошжигит Иван
Ярға нәзер салмады,
Атын тепсинди дәрҳал.
Қыз зәңгиде зарлады:
— „Кайда асығып барасаң?
Умыттың-ба Катянды?
Я танығың келмей-ме?
Өйтип өртеме жанды!
Катяңман ғой қәдимги.
Ҳа, шабазым, сунқарым,
Жулқымай тур зәңгиңди,
Бир нәзер сал, иңқарым!“
Жигит ҳаслан еситпес,
„Шуў!“ деп тебинер атын.
„Ал, қойдым жылағанды,
Токтай тур азаматым
Ырас танымай турсаң-ба?
Бир абайлап қара сен.
Кудай урсын, баяғы
Катеринаңман ғой мен!“
— „Жибер зәңгини, ақмақ!
Ҳәй, тартың бул мәжгунди!“
Дер жигит үйип қабақ.
— „Қудайым-аў, ким кимди
Танымай таслап кетежақ?
Сүйемен сени, жаным деп,
Ишкен антың қаякта?
— „Ҳәй, әкетиң мынаны,
Асылдырмаң аяққа!
— „Өйбей, бул не, сорым-ай!
Азап ушын туўдым-ба?
Ярым деп излеп келсем,
Сен-де мени қуўдың-ба?

Исенбей турман. Сен кимге
Қолыңды силтеп, кет дейсең?
Сүйикли Катяң едим ғой,
Неге писент етпейсең?
Талай сапар қолтықлап,
Түнде бағқа барсаң-да,
Баланды туўып берсем-де,
Бүгин танығың келмей,
Ырас-ақ кет деп турсаң-ба?
Өйтпе, жаным, мәртебең—
Зыят болғай илайым!
Сеннен басқа панам жоқ,
Хызметшиң-ақ болайын.
Басқа менен кеўил қос,...
Сүйе ғой, мейлиң, талайын.
Не қылып жүрсен демейин,
Бетиңе сениң келмейин...
Кет дейсең-бе? Онда сен...
Умытайын, мейли, мен
Сени сүйгенимди-де.
Баланды туўып оң жақта,
Отына күйгенимди-де.
Шеккен азапларымды,
Қорланған намыс-арымды
Еске алмайын ҳасла-да,
Тасласаң мени таслай ғой,
Баланды, бирақ таслама;
Енди мени зарлатып
Кетпейсең ғой, солай-ма?
Ҳәзир саған баланды
Көрсетейин!“—.. деп жайға
Жуўырып барды сорлы қыз.
Нәресте жылар жаўтаңлап,
Қыз қолында кундақсыз.

— „Минекей, балан, карай ғой!...
Қайда кеттин? Көр сен-де...
Жоқ... Кетип қалды. Безди ол
Өзиниң перзентинен-де...
Қудайым-ай, енди мен
Бул тири жетим менен
Қайсы гөрге киремен?
Ҳәй, москальлар, аянлар,
Бизге рәҳим етинлер!
Жаныңызға саўапты,
Баланы алып кетинлер!
Қыршын болып өлмесин,
Алып көтегөриңлер.
Анаў өз басшыңызға—
Әкесине беринлер!
Перзент жүзин көрмегир
Әкеңе, балам, мың нәлет.
Әкең безсе, маған не?
Мен де бездим, жуўермек!
Улым! Сени уллы гүна
Батпағында туўдым мен.
Тири болсаң, адамларға
Күлки болып жүрерсең.
Енди әкеңди өзиң изле,
Мениң излеп болғаным!...
Деди-де қыз қар үстине
Жатқызды балажанын.

Бала қалды. Кетти ана
Тоғай жаққа. Уйытқыр қар.
Жылап жатыр жолда бала,
Өтип барар москальлар.
Сол жатысы жақсы еди-аў,
Алмағанда адамлар...

Тоғай иши. Жалаң аяқ
Қарға омбалап қыз барар.
ГәИванды қарғап—силеп,
Гейде өксип зарланар.
Шала өкпе боп жуўырды ҳәм
Тоғай шетине шықты қыз.
Тоңлап жатқан ҳәўиздеги
Кең үкини тапты қыз.
„Жаным мениң--жаратқанға,
Денем – суўық суўға...“—деп,
Қыз сүнгиди. Жутты үки,
Суў сес берди гүмбирлеп.

Излегенин тапты, сөйтип,
Қар көзли Катя қыз.
Ҳәўиз бетте самал өксип,
Қар астында қалды из...
Самал-ма я боран-ба екен,
Жас еменди сындырған?
Жәбир-ме я әрман-ба екен
Ана өмирин солдырған?
Арыў қыздың ақ денесин
Кара топырақ аймалар.
Есиркерлик жалғыз белги—
Дүзде жас қәбир турар.
Журт мазағы жетим улдың
Жанына берсе ҳазар,
Анасының қәбирине ол
Келип жылар, жубанар.
Ата бийзар, ана бийзар,
Тири жетим нәресте,
Оған қалған жалғыз сүйеў
Усы қәбир емес-пе?
Оған қалған қайғы, көз жас,

Жетимликтиң жәбири.
Ҳәм гүзар жол шетиндеги
Анасының қәбири.
Қарахат көз ҳәм қара қас
Неге дәркар жетимекке?
„Пәленшениң баласы“ деп,
Таныў ушын-ба текте?
Ығбалы жоқ кара қастың
Болмағаны жақсы еди.
Адамларға мазақ болып
Қалмағаны жақсы еди!

V

Соқыр кобзарь кетип барар
Алыс Киев жолында.
Қалта асынғаи жас дийўана
Бала барар жанында.
Қара көзли мунлы бала
Барар басы салбырап.
Кобзарь тынбай „Ийса“ қосығын
Толғап барар ал бирақ.
Биреўлер-нан, биреў-тийин
Таслап кетер нәбада.
Кими соқыр қартқа берсе,
Қызлар – жетим балаға.
Қызлар барар бас шайқасып:
„Байғус бала, тири жан.
Қап-қара қас берген ана,
Бақ бериўди умытқан!“

* *кобзарь*—ески Украинада ел гезип, қайыр сорап жүрип қосық айтатуғын қобызшылар.

Алты ат жеккен бир карета
Киев жаққа киятыр.
Бала-шағасы менен онда
Еснеп бир мырза отыр.
Тоқтады келип сол карета
Диййуаналар тусына.
Ивась бала қолын созып
Қайыр сорар кысына.
Бай мырзаның жас ҳаялы
Тийин таслар балаға.
Мырза жигит жас баладан
Жүзин бурды далаға.
Бул көзлерди, бул қасларды
Жазбай таныды, билди.
Бирак, мырза өз баласын
Әкетиўди ар көрди.
„Атың ким“ дер ҳаял оған.
„Ивась“. „Қандай сулыўсаң!“...
Атлар жулқып кетти шаўып,
Байғусларды көмди шан...
Еки байғус—қос диййуана
Санап тийин—тебенин,
Күнге карап шокынды-да,
Жүрип кетти ақырын.

*(Петербург) 1839.*

## МАЗМУНЫ

Сөз басы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Ўәсият—*аўдарған Н Жапақов* . . . . . . . . . . . 11
Қыйнағандай сен мени—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . 12
Бир гезлери қалағойсаң дусласып – *аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Болса еди бир жуп етигим—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 14
Ушырастым тиллестим,—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . 15
Мени шайы көрпеде анам—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 16
Пышағымды, жолдасымды,—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 17
Қар жаўып тур көшеде—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 18
Сайрар тынбай бүлбил қус—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 19
Катериңанын үйи *аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . . . 20
Ҳәйю балам, ҳәйю балам—*аўдарған Т Сейтжанов* . . . . . 23
Не себепли қарайғансаң—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . 24
Даланын зор самалы емес—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 25
Кең саҳраға көз салып турман—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . 26
Және почта хат әкелмеди—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 27
Казак едик биз ол жыллары *аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 29
Көк теңиз тур тып-тыныш—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 31
Тутқынлықта жалғыз жүрип зериктим—*аўдарған Сейтжанов* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Хош айтысып сырласыңа—*аўдарған Т Сейтжанов* . . . . . 33
Қайғы шегип отырмайман—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 35
Жантақ басып кеткен,—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . 36
Көтерилди, аспанға желқом—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . 38
Кеўлим шад болсын деп өзиме-өзим—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Болмаса бир ылашық панаң—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . 42
Даңқ ушын, я биреўге арнап—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . 44

Жат үлкеде өстим мен—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . 46
Тоғай беттен күн шығып—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . 49
Мийимди босқа қатырып—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . 50
Сай бойында, бийикте—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . . . 53
Түнде орылмаған дәнлерге қарап—*аўдарған Т. Сейтжанов* . 55
Урылардай, жартаслардың—*аўдарған Т. Сейтжанов* . . . . 57
Санайман сүргинде жүрип күн-түнди—*аўдарған Т. Қабулов* . 64
От жанады—*аўдарған М. Дәрибаев* . . . . . . . . . . 66
Жалғызбан—*аўдарған М. Дәрибаев* . . . . . . . . . . 67
Пиво тасыған қыз—*аўдарған М. Дәрибаев* . . . . . . . . 68
Ақ терек—*аўдарған Б Қайпназаров* . . . . . . . . . . 69
Тарас түни—*аўдарған Б. Қалимбетов* . . . . . . . . . 77
Жасаў аўыр бул дүньяда—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . 82
Перебендя—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . . . . . . . 84
Бай дәўлетин көпсинбе—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . . 88
Сыйқырланған қыз—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . . . . 89
Екшембиде қыдырмадым—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . 97
Көк теңизге суўлар ағар—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . 100
Ой қарайман жолларға мен — *аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 101
Ойларым сиз, ойларым сиз—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . 102
Тентек самал, тентек самал—*аўдарған Ш. Мәмбетмуратов* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
Самал желпип, жулқып ойнап—*аўдарған Ш. Сейтов* . . . . 105
Еликлеў—*аўдарған С. Аббазов* . . . . . . . . . . . . 106
Не ислеў керек маған—*аўдарған С. Аббазов* . . . . . . . 108
Қарындасыма—*аўдарған С. Аббазов* . . . . . . . . . . 109
Неге керек маған қара қаслар—*аўдарған С. Аббазов* . . . . 111
Бай екен деп қызықпа оған—*аўдарған С. Аббазов* . . . . . 113
Лилея—*аўдарған М. Қасымова* . . . . . . . . . . . . . 115
Катерина—*аўдарған И. Юсупов* . . . . . . . . . . . . . 118

*На каракалпакском языке*

ТАРАС ГРИГОРЬЕВИЧ ШЕВЧЕНКО

ИЗБРАННЫЕ ПРОИЗВЕДЕНИЯ

*1965—г. Нукус.*

Редактор *Ж. Сейтназаров*
Худож. редактор *Қ Нажимов*
Тех. редактор *У. Аллабергенов*
Корректор *П. Ембергенова*

**Териўге берилген ўақты 18/II-1964-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты. 8/I-1965-ж.**
Қағаз форматы $70 \times 108\ ^1/_{32}$ Көлеми 4,625 баспа табак,
6,475 шәртли баспа табак. 6,43 есап баспа табақ Тиражы 3000
Баҳасы 54 т.
Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис қаласы, Ленин көшеси, 15.

**ҚҚАССР** Министрлер Советиниң Баспа сөз бойынша
басқармасының „Правданың 50 жыллығы"
атындағы Нөкис полиграфкомбинаты, Зак. №27